


Espwa se yon fòs



Pou nou rebati
Ayiti



Karèm 2018

Fotopeyi, la Jibile 75 lane
Konsekrasyon peyi a nan men Mari ki toujou ban nou Sekou

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Espwa se yon fòs

Pou rebati Ayiti

Kèk refleksyon pou tan karèm 2018

**Pou ede nan kòmatè litiji, pou travay ak jèn
epi ak tout kalite gwoup nan Legliz la
Ane litijik B**

Pòtoprens, janvye 2018, 22zyèm ane

Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki prepare refleksyon sa yo. Nou remèye tout moun ki te bay konkou yo pou li tèks yo epi ki fè remak yo : P. Guy Vandecandelaere, cicm, Mme Jocelyne Colas Noel, P. Jean-Pierre Nemba Wayi, cicm, P. Peltrop Gilbert, cssr, Mme Marie-Bellanie Augustin, P. Attilus B. Desca, P. William Smarth, Sè Nadige Jean-Charles, fdls, P. Gasner Joint, omi

Kòdinasyon : P. Jan Hanssens, cicm

Sekretarya JILAP: Mme Louise Richard

Foto sou kouvèti a : P. Jan Hoet, cicm

Nou te brase lide sa yo nan Asanble dyosezen JILAP yo ak nan Asanble Jeneral JILAP te fè nan mwa novanm 2017 nan Lilavwa.

Pou chak dimanch nou ap jwenn yon ti kòmantè sou moso Labib yo, ki gen rapò ak tèm nou pwopoze pou dimanch la. N ap jwenn tou kèk lide pou antre pi fon nan koze yo ak diferan kalite gwoup.

Nou rive pibliye dokiman sa a, gras ak konkou lajan Eglise en Détresse.

Se Komisyon Jistis ak Lapè sèl ki reskonsab sa ki ekri nan dokiman sa a.

Nou pibliye 6.000 kopi nan ti dokiman an.

2018 se 22zyèm ane depi dokiman sa a ap fèt.

Yon kopi separe koute 50 goud.



Yon ti mo pou louvri pòt karèm 2018 lan

Espwa, se timoun sa a ki rele « Esperans, » ki fè granmoun yo, Lafwa ak Renmen mache. Espwa se yon gwo mèvèy nan lavi moun, ki fè menm Bondye sezi.
Se konsa Charles Péguy medite sou sa Espwa a fè lakay nou chak.
Espwa a toujou frajil, tankou yon timoun, li fasil tounen desepsyon,
men si pa gen Espwa nou pa kontinye mache.

Gen anpil dezespwa nan peyi a. Tan Karèm nan oblige n gade fondman lavi a.
Espwa a fè pati fondman lavi nou. Fèt Pak se fèt Espwa ak chanjman radikal :
Jezi leve, desepsyon ak lamò kaba.
Fèt Pak la di n : jefò n yo fèt pou abouti, ak lagras Bondye.
Sonje pèp la ki kite Lejip ... Sonje pèp la ki sòti an Egzil ... Sonje tout lòt batay zansèt
nou yo nan lafwa t ap mennen ... Sonje Jezi ki mouri-leve.

Nan tan Karèm sa a, nou vlè fè desepsyon n ak dezespwa n tounen Espwa nan yon lòt
Ayiti, pòtre Tè tounèf Bondye pwomèt la.
N ap chèche konprann sa Espwa a vle di (premye ak dezyèm dimanch).
N ap gade ki jan l ede n nan konba pou yon lòt peyi
(twazyèm, katriyèm ak senkyèm dimanch).
N ap swiv Jezi sou chimen konba Espwa a, ki chimen Lavi tout bon an
(dimanch Ramo ak fèt Pak).

Nou swete n yon bon tan Karèm, kote n antre pi fon tou nan lane
Jibile kote Legliz la te konsakre peyi a nan men Notredam ki toujou pote n Sekou,
li menm ki te pote Jezi ki Sous Espwa tout bon an.

Ekip travay Jistis ak Lapè

**Premye dimanch tan karèm
18 fevriye 2018**

FONDMAN ESPWA NOU, SE NAN BONDYE JEZIKRI A LI YE

- Jenèz 9, 8-15 : M ap fè yon kontra avèk tou sa ki gen lavi nan mitan n.
- 1 Pyè 3, 18-22 : Batèm nan se yon kado ak yon angajman nou pran devan Bondye.
- Mak 1, 12-15 : Tan an rive. Kwè Bòn Nouvèl la.

Tanzantan nou bezwen fè silans bò kote nou, toutatou nou, nan travay nou, nan kè nou, nan Legliz la, nan òganizasyon nou yo. Moun yo di: « N ap fè retrèt, n ap retire tèt nou, » pou n kapab gade reyalite lavi a nan limyè sa nou bay valè toutbon nan lavi a. Yon kretyen ap gade lavi li nan limyè lafwa li nan Jezikri. Se sans tan karèm nan, kote nou gade ki sa k fondman espwa nou ki pèmèt nou avanse nan lavi a. Se Jezikri ki leve a ki fondman espwa nou nan Lavi a, ki fè n pa bese tèt devan tout sa k vle dekoraje n.

Yon ti esplikasyon sou moso Labib yo

Lespri a pouse Jezi nan savann dezole a ... Jezi vin nan Galile, li deklare : « Tan an rive. Lè pou Bondye Wa a pre. » Se konsa Jezi koumanse preche. Jezi pote espwa bay yon pèp ki dekoraje. Konsa, Li asire n : Bondye sere yon avni pou nou menm moun ak pou tout sa l bay legzistans.

Jezi t ap viv nan yon moman boulvès ak gwo tansyon sosyal ak politik. Peyi a te plen pwoblèm, li t ap viv anba okipasyon Women. Moun yo t ap espere gwo chanjman. Lè Jezi te koumanse misyon l, tan an te sanble anpil ak sa nou menm n ap viv jounen jodi a. Yon seri moun t ap tann yon entèvansyon dirèk Bondye t ap fè nan listwa a ; lòt moun te vle souke kò yo pou pote chanjman, kék gwooup menm te pran zam ; Jan Batis bò kote pa l, t ap mande yon lòt mantalite ak yon lòt pratik baze sou renmen ak jistis.

Moun yo t ap espere chanjman, yo te bezwen l, yo te anvi l. Nou menm tou nou anvi chanjman. Eske nou kapab reyalize yon denmen ki diferan ? Eske nou dwe tann li nan men Bondye, tankou yon mirak ? Eske nou kapab enfliyanse direksyon listwa n sou tè a pran ?


Jezi te pran tan pou mete aklè pou limenm sa Reny Bondye a vle di. Li te pase 40 jou nan dezè a nan mitan bêt sovaj yo, kote pa gen dominasyon, men lapè. Sa vle di : limanite bezwen yon lòt kreyasyon, yon chanjman ki ale byen fon nan mantalite yo ak nan pratik yo. Konsa, lè Jezi preche, li rele moun chanje lavi yo depi lakay yo, sitou pou yo chanje relasyon youn ak lòt. Konsa, yo ta kapab enfliyanse ata direksyon peyi yo a ak sosyete a.

Espwa Jezi genyen an rejwenn rèv ak pwojè Bondye genyen depi nan kòmansman an. Bondye kreye linivè ak tout sa k anndan l, epi li kreye moun pou lavi donnen. Pwomès Bondye yo se pwomès lavi yo ye. Bondye fè kontra ak Noye ni ak tout sa k ap viv, pou tout jenerasyon, pou lavi kontinye. Lakansyèl apre gwo inondasyon an, se yon siy espwa li ye pou moun ; li la tankou yon siy renmen ak angajman Bondye pran avèk nou menm. Lakansyèl la se yon siy lapè ak rekonsilyasyon ant tout sa k egziste.

Pwojè Bondye se pou gen Lavi. Kote k gen renmen, jistis ak fratènite, gen lavi, epi Bondye la. Chak fwa Labib la pale n sou dlo (dlo gwo kout tan an ki delij la, oswa dlo Lanmè Wouj la pèp la travèse lè l kite peyi Lejip, epitou dlo Jouden an lè l antre nan peyi a, kote Jezi tou batize nan men Jan Batis), nou sonje pwòp batèm nou. Sa vle di : nou menm tou, nou antre nan yon Alyans Lavi ak Bondye. Nou vin pataje pwojè Bondye a, epi nou pran angajman travay pou lavi avanse. Jezi mouri pou Lavi donnen. Batèm nan se yon kado ak yon angajman nou pran pou Lavi donnen (gade sa Apòt Pyè di nan dezyèm moso Labib la) ; li garanti espwa n ak sans lavi n.

Eske nou kapab planifye pwojè Bondye a ? Bondye kreye n ak *entèlijans epi ak libète*. Men, nou pa mèt pwojè Bondye a. Nou antre landan li ak tout sa nou ye ak tout sa nou genyen, ak espwa Lavi fèt Pak la devan je n.

Senbòl pou premye dimanch la : **sab**. Moun yo kapab vin touche l. Se tè nou ye, se nan tè a n ap tounen. Nou fè pati kreyasyon Bondye a. Tè a se yon sous lavi li ye. Dezè a ede n konprann sans lavi nou genyen ki yon kado Bondye.



Yon lòt siy: **dlo**. Nan tan karèm nan nou sonje batèm nou. Nan batèm nan nou fè yon sèl ak Jezikri, ki rekonsilye nou ak Bondye Papa a. Nou mete yon kivèt plen dlo bò lotèl la. Nou envite moun yo vanse youn dèyè lòt pou mete men yo nan dlo, fè yon siy lakwa pou yo sonje batèm yo.

Gen lòt senbòl nou kab devlope tou, tankou **lakansyèl**. Yon gwoup jèn kapab fè desen yon gwo lakansyèl, ak anpil papye koulè. Se siy lapè ki dwe kòk chante nan mitan tout sa k egziste (gade premye moso labib la).

*Pou kontinye travay ak jèn yo oswa gwoup yo
Siy tan yo ... se siy espwa yo ye ...*

Pa kite espwa a disparèt nan kè nou an

Moun vle chanjman. Tout moun ap reve sou yon deman ki pi bèl, ki pi bon. Si se pa pou limenm, se pou timoun yo. Gade tout jefò k ap fèt pou voye timoun yo lekòl ak espwa denmen ap pi bon.

Gen anpil dezespwa ak dekourajman nan peyi a tou. Ki jan sa parèt ?

- **Migrasyon.** Konbyen moun, sitou jèn, pati al lòtbò ... yo ale Dominikani, Brezil, kounye a nan peyi Chili kote deja gen 90.000 konpatriyòt. Gen lòt k al echwe devan fwontyè Etazini nan peyi Meksik.
- **Mank patisipasyon pou konstwi sosyete a ak lè gen eleksyon.** Eske se pa dezespwa ki youn nan kòz yo?

- Moun yo mande solisyon lapoula, paske yo pa kab kenbe ankò. Eske tonbe nan « degaje pa peche » pa yon siy dezespwa ?
- Tout sa ranfòse yon atitud ak yon fason pou konprann reliyon an ak angajman moun, kote reliyon vin mele ak maji¹. Li chanje fason nou viv lafwa nou tou. Larelijyon tounen yon kote nou montre dezespwa nou, paske nou mete angajman yo kòm kretyen sou kote ...
- Gen anpil lese ale nan zafè anviwonman an ...
- Moun manke respè pou moun, youn ap fè vyolans sou lòt. Gen asasinay, vòl ak vyòl. Vyolans pran gwo plas lè moun ap pale ak lòt.
- Koripsyon, enpinite epi refize pran reskonsablite nou se siy ak sous dezespwa.
- Laperèz nan mitan moun se yon siy dezespwa. Li fè konfyans nan mitan moun fè bak.

Tan karèm di n : nou fèt pou Lavi. Tan karèm nan pote yon pwomès ak yon mesaj espwa ki abouti sou fèt Pak ak Lavi a.

Devan tout sitiyasyon dezespwa nou pote yon mesaj espwa : peyi a kapab sòti nan dekourajman, koripsyon ak enpinite.

Kòm patizan Jezikri nou dwe pote yon mesaj espwa nan lavi a ak pou peyi nou an.

An n chèche plizyè siy nan lavi a, yon evènman nou te viv, yon pawòl yon frè n oswa yon sè te di n, yon bagay nou wè k ap devlope, epi k ap soutni espwa chanjman an :

Nan kominote nou ...

Nan Legliz nou ...

Nan fanmi nou ...

¹ Relijyon vle di : nou soumèt devan Bondye ak pwojè li. Maji vle di : mete Bondye oswa lòt fòs ki depase lanati nan sèvis ou, fòse yo fè mirak ak mèvèy.

*Nan lekòl nou ...
Nan pwòp lavi nou ...
Kote n ap travay ...
Nan mond jodi a ...*

An jeneral, moun yo ap gade kote k gen lagè ak lamò. Men gen gwo siy lapè, tèt ansanm, kote Bondye ap konstwi ansanm ak nou ...


*Bay egzanp sou sa ...
An n pran tan pou pataje siy espwa sa yo ... pou youn ankouraje lòt.*

Evènman ak siy espwa sa yo, se yo ki rele « siy tan yo ». Se yo k fè n konprann Peyi kote Bondye Wa a toupre, li la, epi l ap grandi nan mitan nou ... Yo la tankou boujon sou yon ti branch lè sezon an rive, oswa tankou bon semans k ap devlope anba lapli.

Lè n gade lavi a konsa, ki konsekans sa genyen pou pwòp angajman n ?

Jou ki 11 avril 1963, Pap Jan 23 te ekri yon ansiklik *Pacem in Terris*, *Lapè sou tout fas tè a*, kote l te endike kèk siy espwa pou pèp yo nan moman sa a : mouvman medam yo k ap leve tèt yo ; travayè yo ki òganize tèt yo ; Nasyonzini ki pèmèt pèp yo diskite sou sa k separe yo, olye y ap fè lagè ...

Eske nou pa wè kèk boujon espwa k ap parèt jodi a nan pwòp peyi n ?



Siy tan yo, se siy espwa yo ye

« Gade pye fig frans lan ak tout lòt pyebwa yo. Lè nou wè yo kòmanse ap boujonne, nou tou konnen lete sou nou. Menm jan an tou, lè n a wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen Gouvènman Bondye ki Wa a toupre. »

(Mak 13, 28-29)

Dezyèm dimanch tan karèm, 25 fevriye 2018 :

Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè nan peyi d Ayiti

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, se yon zouti pastoral sosyal Legliz la, menm jan ak Karitas, Komisyon Episkopal pou Edikasyon Katolik, Komisyon pou Migrasyon, Lafanmi, Pastoral Prizon, ak plizyè lòt.

Objektif Komisyon an se lite pou lapè nan soryete a, gras ak respè ki genyen pou diyite chak moun ak pou dwa l yo. Komisyon an montre sa k chimen respè diyite sa a, se lè chak moun fè sa ki devwa l anvè chak lòt moun ak anvè soryete a.

Ki aktivite Komisyon an genyen nan tout peyi a?

- Fòmasyon sou dwa ak devwa moun ; sou lapè, sou dyalòg ak medyasyon pou regle konfli yo ; sou lalwa ;
- Akeyi viktim abi, enjistik ak vyolasyon dwa moun ; akonpaye viktim yo devan sèvis Leta yo ;
- Obsèvre epi denonse vyolasyon dwa moun ; lonje dwèt sou vyolans nan lari kapital Pòtoprens, ak nan rès peyi a ; fè obsèvason eleksyon;
- Travay pou refòm sistèm lajistik nan peyi a.

Ki kote nou jwenn Komisyon an ?

Komisyon an preznan nan tout dyosèz yo nan peyi a.

Li preznan nan plis pase 335 pawas nan tout peyi d Ayiti.

Eske nan pawas pa nou genyen fidèl k ap lite pou Lapè ak Jistis blayi nan peyi d Ayiti a ?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte sekretarya Komisyon an nan dyosèz ou.



Justice et Paix Haïti
Jistis ak Lapè Ayiti

Nan dimanch sa a, Komisyon an konte sou lapriyè n ak konkou lajan nou tou. Fè fidèl yo konn sa. Nou konte sou yo pou fè travay la mache.

Nou di w : mèsi anpil.

**Dezyèm dimanch tan karèm
25 fevriye 2017
Dimanch nasyonal Jistis ak Lapè**

MENNEN BATAY NOU AK ESPWA

- Jenèz 22, 1-18 : Bondye rele: Abraram! Abraram reponn : Men mwen.
- Women 8, 31-34 : Bondye fè kado Pitit li a pou nou tout.
- Mak 9, 2-10 : Yon vwa t ap di : Sa a se Pitit mwen, se pou nou koute l.

Tout moun gen espwa denmen ap pi bél. Espwa a se pi bél kado Bondye, bò kote lafwa a ak renmen li mete nan kè n nan. Lè Bondye rele Abraram, li reponn nan lafwa ak espwa nan pwomès Bondye a. Li reponn: men mwen. Lè vwa Bondye a di: « Sa a se Pitit mwen, koute li, » pawòl la louvri yon chimen espwa nan lavi nou.

Yon ti esplikasyon sou moso Labib yo

Lavi a gen sans. Bondye kreye nou pou n gen kè kontan, pou lavi a bél. Pitit Bondye yo ak tout sa Bondye kreye genyen diyite ak bélte, jan Levanjil la fè n wè. Moyiz ak Eli se de (2) pi gwo pwofèt premye kontra a. Moyiz te pran devan pèp la pou fè l sòti nan peyi Lejip, pou l jete lesklavaj. Tèlman pawòl Eli se te yon pawòl verite, nan finisman lavi l li monte nan yon cha dife. Toulede pwofèt sa yo t ap batay pou dwa Bondye nan mitan pèp la, pou dwa pòv yo ak pou dwa pèp yo a pou l egziste. Yo pa t pè pran risk epi bay vi yo pou delivrans pèp yo a.

Pèp la kontinye sonje yo tankou pi gwo pwofèt Bondye voye nan istwa yo a. Toude pwofèt yo fè n wè misyon Jezikri a ki mache devan nou sou wout Lavi Fèt Pak la. Konsa, yo parèt ansanm ak Jezi sou mòn nan, kote Jezi chanje fòm devan disip yo pou grandi espwa yo.

Lè Pyè dekouvri bélte Kris la, se kòmsi li pa anvi avanse ankò: an n rete, an n bati twa joupa. Li pokò konprann kalite sakrifis ak batay misyon sila a ap mande, pou bélte Ptit Bondye a ak novo lavi a parèt aklè nan mitan moun yo ak nan sosyete a. Sa fè n wè tou ki kote espwa n ye : èske n ap chèche demen miyò pou tèt nou sèlman oswa pou tout moun ?

Istwa Abraram montre nou kkèk bagay tou sou Bondye ak pwojè li genyen pou moun yo. Abraram ap viv nan mitan yon pèp ki konn sakrifye timoun pou fè dye yo kontan. Konsa, lè Abraram vle reponn Bondye, li panse Granmèt la mande 1 pou 1 sakrifye pwòp ptit li ba li. Bondye montre Abraram se pa sa li dwe fè. Bondye pa mande moun sakrifye lòt moun. Sa se yon gwo lesон istwa Abraram bay sou fason moun dwe respekte lavi sa k pi fèb yo nan mitan yo. Bondye pa pran plezi 1 nan sakrifis moun. Zidòl yo ki mande moun sakrifye moun, se fo dye yo ye. Abraram tounen modèl yon moun ki kite zidòl epi ki kase tèt tounen pou vin jwenn Bondye Lavi a.

An n gade ki sa moun bay valè pase moun jounen jodi a, e n ap dekouvri ki kalite zidòl moun ap sèvi nan tan pa nou. An n gade tout egoysis, koripsyon, chèche richès, pouvwa, enpinite, refize pran reskonsablité pou lòt, ...

Izarak, ptit Abraram nan, jwenn lavi. Izarak tounen pòtrè Jezikri, non sèlman paske yo sakrifye 1 tankou Jezi, men tou, paske li sove anba lamò menm jan ak Jezikri ki leve a. Bondye nou an se yon Bondye Lavi li ye, pwojè li se yon pwojè lavi. Bondye pa mande pou moun sakrifye lòt moun pou reyalize avansman yo, pou reyalize pwojè yo genyen an. Sa 1 mande n : se kwè nan Peyi Wa a, epi nouri espwa tè tounèf ak syèl tounèf la.

Abraram toujou, tounen yon modèl pou tout sèvitè Bondye yo ki pa fè bak devan anyen lè se pou reyalize pwojè Bondye a. « Bondye fè nou kado Ptit li a ». Nou dwe byen konprann pawòl Apot Pòl la tou. An n gade dezyèm moso Labib la : Bondye Papa Jezikri a se pa yon Bondye ki bwè san moun. Li se yon Bondye renmen ak jistis. Sèl fason pou reyalize pwojè renmen li a se lè nou pran yon angajman konsekan nan sèvis lòt yo. Angajman sa a

kapab mande yon moun bay vi li pou lòt. Se sa Jezi te fè. Lè nou gade renmen paran yo genyen pou pitit yo, oswa devouman yon sitwayen konsekan pou peyi l, nou kapab konprann pawòl sa a. Chak fwa yon moun bay tèt li pou lòt yo jwenn Lavi, nou konprann pi byen kalite espwa fèt Pak la pote pou nou.

Senbòl pou dimanch karèm sa a : **Liv Pawòl la.**

Kòm patizan misyonè Jezikri, nou dwe aprann koute Pawòl la, pou nou kase tèt tounen vin jwenn Bondye nan laverite.

Nou kapab òganize yon pwosesyon ak Pawòl la depi anvan yo li premye moso Labib la, paske tout lekti yo se Pawòl Bondye Lavi a yo ye.



*Pou kontinye travay ak jèn yo oswa gwooup yo
Ki sa k espwa yon patizan Jezikri*

Espwa a se pi bèl kado Bondye ban nou

Lafwa, Renmen ak Espwa, se 3 bon kalite Bondye ban nou. Yo fanmi youn ak lòt, men yo pa menm. Espwa pa menm ak lafwa.

Lè n kwè yon bagay, nou sèten, se sa l ye. Se sa ki lafwa.

Tandiske espwa vle di : tann sa n ap espere a, epi aji ak konfyans, paske sa n espere a ap reyalize kanmenm.

Espwa ban nou yon asirans : Menm si n pa wè sa n ap espere a ak je n, li mennen lavi n pou pi devan.

Men sa n rele Espwa, ak yon pawòl Charles Péguy (1912) te ekri a. Péguy, se yon ekriven katolik nan peyi Lafrans, nan kòmansman 20tyèm syèk la. Li te ekri yon bél parabòl sou « ptit la nou rele Esperans ». Men ki sa Péguy ekri :

« Sa k etone m, » se Bondye ki pale konsa,
« se kesyon Espwa a. M pa kapab pa di l.
Ti Espwa sa a, ki sanble pa anyen.
Ti fi sa a ki rele Esperans.
Li pa mouri. »

Péguy, nan yon ti tèks yo repete souvan, mete Espwa a nan mitan Lafwa a ak Renmen an.

Lafwa a sanble ak yon manman ki fidèl ak moun li yo.

Renmen an sanble ak yon paran, yon manman ki plen kè sansib.

Men Espwa a, ak ki sa l sanble? Li sanble ak yon timoun, yon ti fi ki sanble pa anyen.

Péguy rakonte : ptit la fenk fèt jou Nwèl lane pase, l ap toujou jwe ak ti jwèt li yo ...

Epoutan, se ti fi sa a ki travèse tout tè a, sa k te la ak sa k ap vini.

« Pou espere, ptit mwen, » se Péguy ki pale, « kè w dwe kontan, fòk ou te resevwa yon lagras enpòtan. »

Péguy wè Ti fi sa a ki rele Esperans ap mache nan mitan de (2) fanm gramoun yo, nan mitan Lafwa ak Renmen.

Sou chimen ak wòch kote y ap mache a, ou wè ti Esperans vanse.

Epi moun k ap gade yo, pèp kretyen an, ap gade sou gran yo ki mache prese : sa k adwat ak sa k agòch ptit la.

Moun k ap gade yo, fasil kwè se pi gran yo k ap mennen ptit la, ki disparèt nan mitan yo de (2).

Epoutan, se sa k pi piti a ki mennen gramoun fanm yo.

San li menm, lòt yo pa ta anyen.

Lafwa wè sa k la a. Men Espwa a wè sa k pral vini. Jodi ak denmen.

Li menm (espwa a) wè sa k pral vini apre etènité a.

Renmen an ap renmen sa ki la a. Li renmen Bondye ak moun nan tan sa a ak nan letènité a.

Men Espwa a renmen sa k pral vini nan tan sa a, nan letènité a, ak sa k pi devan letènité a.

Lè n gade byen, se Espwa a (ti fi Esperans lan) ki fè lòt yo mache.

Se li k mennen yo, se li ki fè yo mache.

Se li k fè mond lan mache.

Paske si n gade byen, moun pa mache pou lòt bagay pase pou timoun yo.

De (2) granmoun yo mache pou pitit la.

Dapre Charles Péguy, *Le Porche du mystère de la deuxième vertu*, 1912

*Apres yon ti echanj sou sa Péguy t ap di a,
ansanm, n ap gade tablo sa a ansanm :*

Ki jan pou n konprann espwa a? ²	An n chèche egzanp
Espwa a se yon atitud nan lavi a; li pa menm ak lafwa, oswa ak renmen. Espwa a pa kontan ak mond lan jan l ye a. L ap gade sa k dwe vini. Se yon vizyon, yon rèv oswa yon itopi³ k ap pouse n pi devan. Li gen konfyans se nan renmen ak jistis sans lavi a ye.	

² Lide yo ki nan tablo sa a soti nan : Ignace D'hert, Een klein prutsmeisje [Yon ti fi ki pa sanble anyen], TGL 2, 2017, p. 5-14.

³ Itopi. Se konsa yo rele sa ki poko gen plas li nan mond lan jan l ye a, epoutan se li anpil moun swete ; se li k ta dwe reyalize. Egzanp : pou tout moun respekte tout moun ...

<p>Espere vle di : reziste. Se vre, anpil moun kwè nan chanjman. Men nan tan n ap viv la, gen anpil laperèz ansanm ak espwa. Konsa, espwa a dwe tounen yon rezistans devan sa n pa kab aksepte. Espwa a fè n fache devan kèk reyalite, epi li kreye yon santiman solidarite pamí moun.</p>	
<p>Espwa a gade lavni ak sa k devan n. Moun ki espere kwè nan yon tè nouvo, epi yo tanmen viv ak yon mantalite ki diferan : libète pou tout moun, manje pou tout moun, ... Chanjman sila a depase reyalite sa n ap viv la (li transandan). Konsa, espwa a fè n wè sa k diferan nèt la.</p>	
<p>Espwa a gen fòs yon pwomè. Li vin reyalite nan ti bagay piti yo. Li bay ti bagay yo valè. Konsa, vin gen pi plis konfyans nan sa k ap vini.</p>	
<p>Pi gwo lènmi espwa a, se endiferans ak egoyis. Yon diskou pou fè moun plezi sèlman (sa n rele yon diskou popilis) pa kreye espwa. Espwa kreye fraternite, viv ansanm ak solidarite. Fòs li sanble ak fòs yon ti grenn ki tonbe atè epi k ap devlope ... Ki kote nou wè siy k ap montre n gen espwa pou peyi a ?</p>	



Espwa ak esperans, èske se menm bagay?

M gen espwa y ap ede m ... Espwa fè viv ... Men anpil espwa abouti nan desepsyon ... li pa abouti ... Epoutan, nou toujou kenbe espwa pou denmen pi bon, pi bèl.

Kòm kretyen, espwa n vin rasinen nan mouri ak leve Jezikri a. Espwa n fè n chèche Peyi Wa a, Jezi te plante nan mitan n.

Peyi Wa a, se Lavi fèt Pak la ... ki tanmen jèmen nan mitan n, tankou yon ti plant frajil, men ki pote yon pwomès nou menm pa kab imajine.

An franse gen de (2) mo : *espwa ak esperans*. An kreyòl se ak yon sèl mo nou sèvi pou pale sou tout reyalite sa yo. Se sèl nan non moun yo sèvi ak « Esperans ».

Jou ki 11 sektanm 1988, pandan pè J.B. Aristide t ap selebre lamès nan legliz Jan Bosko, Pòtay Sen Jozèf, yon gwo up paramilitè anvayi legliz la epi atake fidèl yo ak zam blanch. 13 moun mouri. Yon fanm ansent pran yon kout kouto nan vant. Pitit la sove. Touswit tout moun te ba l non : Esperans. Li pa t kab rele yon lòt jan ...

Yon siy espwa pou peyi a jodi a, se **mouvman peyzan yo**.

Plizyè rezo peyzan egziste nan peyi a: Tèt kole, MPP, MPNKP, el.

Anpil enstitisyon ap soutni epi ankadre yo: Karitas, GADRU, ...

Anpil nan yo ap travay nan agwo-ekoloji. Yo bay respè lanati ak metòd biyolojik yo anpil enpòtans. Eske n konnen yo? Eske n ankouraje yo? Eske n kore espwa yo pote pou peyi a chanje?

Ki jan nou kapab kore espwa peyzan yo pote bay peyi a ?

- Achte epi konsome pwodui lokal;
- Kore revandikasyon yo pou Gouvènman an soutni agwo-ekoloji ak ti antrepriz familial peyzan yo; dwe gen politik piblik anfavè yo;
- Konbat tout mantalite ki mete peyzan ak moun andeyò yo sou kote.
- Ankouraje jèn yo, gason kou fi, ki mete talan yo nan sèvis travay latè a.

Espwa nou, se espwa yon peyzan. Li simen epi li konnen rekòt la dwe vini.

**Twazyèm dimanch tan karèm
4 mas 2017**

MEN ESPWA NOU : TOUT AYISYEN AP RIVE REPEKTE DIYITE MOUN

- Egzòd 20, 1-17 : Respekte ... pou ou ka viv lontan sou tè Bondye ba ou a.
- 1 Korentyen 1, 22-25: N ap preche Kris yo klosure sou kwa a.
- Jan 2, 13-25 : Jezi t ap pale sou kò li, ki yon kay sakre.

Pandan 3 dimanch n ap gade 3 bagay ki mande anpil atansyon lè n pale sou espwa nan peyi n. Dabò, n ap reflechi sou respè pou diyite chak moun, paske se li k fondman kòmandman Bondye yo, ak lavi nan sosyete a.

Espwa a nan yon denmen miyò ak esperans nan lavi a, pouse nou travay pou respè pou diyite moun tounen yon reyalite lakay chak moun.

Yon ti mo sou moso Labib yo

Relijyon an dwe ede nou viv relasyon n ak Bondye Lavi a pi byen. Nan tan Jezi, anpil bagay te vin anvayi pratik relijyon an. Moun yo pa t sonje jan lavi nan pèp Bondye a se yon bagay ki bèl epi ki senp, paske li chita sou yon prensip ki klè: respekte diyite chak moun. Nan tan Jezi, pèp la genyen yon tanp, pwofesè lalwa, li te fè yon pakèt sakrifis pou fè Bondye plezi. Moun yo t ap òganize gwo fèt ki mande anpil depans epi ki fè kòmès alantou tanp la mache byen. Se pòv yo ki te viktim tout sa. Ak anpil rezònman pwofesè yo t ap esplike sa lalwa mande, yo te mete yon chay taks sou do pòv la. Konsa, nan non Bondye, anpil enjistis fèt. Jezi pa t kab tolere mòd relijyon ak enjistis sa yo. Rèv li se pou moun lapriyè Bondye « nan Lespri ak Laverite », yon fason senp ak vrè.

Lè Jezi netwaye tanp lan, li te envite pèp li a pou l retounen nan sa k premye pwojè Bondye pou pèp li a. Jezi te mete aklè : Se pa yon kay yo rele tanp oswa yon kay legliz ki pi enpòtan an. Pou Jezi, sa k konte anvan tout lòt bagay, se pèp la, se pèp Bondye a ki rasanble tankou kò li. “Jezi t ap pale sou kò l ki yon kay sakre.” (Jan 2, 21)

Nouvo kominote sa a, se nan lanmò Jezi l ap sòti. Se yon pèp kote youn ap bay tèt li pou lòt. Sa se yon pawòl ki pa fasil pou konprann, epoutan, kote Jezi parèt pi fèb, fòs Bondye a parèt pi aklè. (Nou dwe li levanjil la ak anpil atansyon pou wè eleman sa yo). Pwojè Bondye a se pa pou pèp la gen yon kay kote anpil moun rasanble pou fè lwanj li. Pwojè l, se mete sou pye yon kominote kote Lavi fleri, kote gen respè pou moun, kote youn pa fè benefis sou do lòt, jan sa ye nan ekonomi nou ak nan sosyete konsòmasyon (kote yo gade moun selon mezi lajan li kapab depanse) jounen jodi a. Espwa Bondye genyen pou nou, se pou n viv nan renmen ak jistis (relasyon kòrèk).

Nou fenk tande 10 kòmandman yo, lalwa Moyiz te bay pèp la nan non Bondye, yon seri prensip fondamantal pou asire lavi pèp la ak tout manm li yo. Yo genyen yon sèl fondman : respekte epi renmen Bondye, respekte epi renmen lòt moun parèy ou. Men tou, lalwa Moyiz la te ban nou yon vizyon, yon rèv ak yon espwa pou sosyete a. Ansanm ak 10 kòmandman yo, genyen yon seri lwa pou pwoteje malere, pòv ak vèv yo; gen lwa pou defèt gwo inegalite sosyal ak ekonomik yo (Iwa ane sabatik ak ane jibile a). Jodi a nou ta pale sou lwa espesyal pou pwoteje sa k sou kote yo, ak sou jistis sosyal pou tout moun.

Konsa lalwa Moyiz la montre nou sajès Bondye a. Se pa kèk prensip anlè pou rann lavi a difisil, men se yo k fè moun kapab viv ansanm anndan yon sosyete. Sèl sa kòmandman yo mande, se respè pou lavi ak pou byen pwochen an genyen nan men l pou li menm tou kapab òganize lavi l. Epi, se respekte Bondye ki asire egalite tout moun antre yo epi ki garanti libète pou tout moun. Se sans respè pou jou saba a genyen, paske moun pa fèt pou bourike sèlman, men pou jwi repo ak lavi.

Kòmandman yo ekri nan yon fòm negatif ; yo di sa n pa dwe fè: pa touye, pa vòlò. Konsa, yo bay pi piti sa chak moun dwe respekte, depi l manm pèp Bondye a. Men, vrè renmen an ale pi lwen pase sa. Jezi fè n konprann sa byen nan prèch sou mòn nan.

Kominote Legliz nou an pran nesans jou Jezi leve vivan sòt nan mitan mò yo, jou fèt Pak la, lè Jezi voye Lespri Sen an ban nou. Se li ki ekri lòd yo ak prensip yo nan kè nou, se li ki fè nou kapab suiv kòmandman yo. Espwa nou nan yon chanjman total, nan Peyi kote Bondye Wa a, koumanse reyalize nan chak ti jès jistis ak renmen pou yon frè n ak sè n yo.

Senbòl pou dimanch sa a : **Liv Labib la, Liv Manman lwa peyi a, Deklarasyon inivèsèl dwa tout kretyen vivan.**

Se diferan zouti pou garanti respè pou diyite tout moun jounen jodi a. Nou kapab mete yon kat jewografi peyi nou Ayiti ansanm ak yo.

Nou kapab ekri youn nan atik yo oswa yon vèsè sou yon gwo moso papye. Toujou, nou kapab envite moun yo pou vin mete men sou diferan Liv ak dokiman sa yo.

*Pou kontinye travay ak jèn yo oswa gwoup yo
Diyite moun ak sa k bon pou tout moun*

Fondman tout chanjman : diyite chak moun genyen

Travay pou chanjman mande yon vizyon klè sou chanjman nou vle a. Tèlman moun fè rèv, epi yo vle pou tout moun anbrase menm rèv la. Lè sa, rèv yo konn tounen yon ideyoloji : yon seri lide ki pran plas reyalite a menm n ap viv la. Espwa yon kretyen, se pa yon ideyoloji.

- Gen ideyoloji ki mete *kominote a devan tout lòt bagay*. Yo pa gade valè chak moun genyen pou kont kò 1. Sèl sa k konte se *kolektivite a*. Se vre, genyen yon seri bezwen moun genyen, nou pa kab reyalize yo si yo pa gade yo pou tout moun ansanm. Nan zafè dwa moun, nou pale sou dwa sosyal ak ekonomik yo. Yon kominote ki pa bay chak moun valè, ap fè moun pèdi diyite 1 ak valè 1 genyen kòm moun.
- Gen ideyoloji ki prèske pa konsidere sa k empòtan pou lòt yo, pou kominote a, oubyen pou tout moun ansanm. Yo di: *sa k bon pou mwen, l ap bon pou tout lòt yo tou*. Yo di : si chak moun ap chèche avantaj li, sitou nan zafè ekonomik ak politik, tout kominote a ap mache pi byen. Men, si chak moun ap chèche pwòp avantaj pa l sèlman, sa n wè, se moun fèb ak pòv yo ki vin pi pòv, se rich yo ki vin pi rich. Se pouvwa ak richès y ap gade, se pa diyite tout moun genyen.
- Jodi a gen nouveau ideyoloji ki parèt nan fason moun *konprann larelijyon*. Yo gade relijon an yon fason *fondamantalis*, ki vle di: chak pawòl nan Liv sakre a tounen yon pawòl ki pa kab chanje, ki pa mande pou n chèche konprann mesaj Bondye bay la. Liv sakre a pote yon respons dirèk sou chak kesyon lavi a mete devan moun. Larelijyon menm tounen yon sous entolerans ak vyolans, olye li ede moun youn respekte lòt. Konsa, anpil moun rive rayi lòt, epi youn ap touye lòt moun poutèt yon vèsè nan Liv sakre a.

Difikilte yo

Ideyoloji yo kapab yon zouti pou chanjman selon sa yo mete devan n, men fòk nou wè limit yo genyen tou : yo kapab yon gwo sous entolerans ak vyolans.

Pwojè Bondye a, Peyi kote Bondye Wa a, se pa yon ideyoloji. Li pa yon pwojè pou tan n ap viv la ase, men li nouri espwa n pou denmen. Li ouvè sou sa k diferan, paske chak epòk moun ap viv pote sa k nouveau. Epitou, pwojè Bondye a pi gran pase tout sa kapab mete nan tèt nou. Peyi kote Bondye Wa a ban nou yon asirans : *kote k gen renmen ak jistis, gen espwa ; nou kapab ale pi devan kote Lavi ap tann nou*.

Premye prensip Labib la ak Levanjil la mete devan n: *chak moun empòtan. Chak moun dwe respè pou diyite chak lòt. Sa pase anvan tout lòt bagay. Moun*

gen diyite. Bondye kreye n pòtre ak li. Ptit Bondye a tounen moun nan mitan n, li vin jwenn nou nan sa n ye kòm moun. Epi, li sove n ak san l, paske lamò l se konsekans renmen li pou sa k sou kote.

Kisa sa vle di, yon sosyete kote k gen respè:

- *Respè pou tèt nou : Kilè yon moun respekte tèt li?*
- *Respè pou lòt : Kilè gen respè pou chak lòt moun?*
- *Respè pou kominote a: Kilè moun montre respè pou kominote a?*
- *Respè pou sa Bondye kreye ak pou lanati. Kilè moun montre respè konsa ?*

Sa k nan enterè tout moun

Dezyèm gran prensip nan jan Legliz la wè sosyete a, se : chak moun dwe *mete men pou sa k nan enterè tout moun*. Selon ansèyman sosyal legliz la, sa k nan enterè tout moun, se pakèt kondisyon sa yo ki pèmèt chak moun ak chak gwoup moun reyalize tèt yo pi byen ; pou moun kapab jwi diyite yo toutbon.

Men kisa k antre nan kondisyon sa yo : respè moun ak dwa li yo ; byennèt sosyal ; bon devlòpman gwoup sivil yo ; bon patisipasyon nan zafè sosyete a ; lapè sosyal ; jistis nan jan byen sosyete a pataje ; desizyon ak aksyon se nan men sitwayen yo li ye. Si gen otorite tankou Leta a anndan sosyete a, se pou yo travay pou « enterè tout moun sa a » vin reyalite.⁴

An n poze tèt nou kesyon :

1. *Eske nan peyi nou, nou wè gen yon preyokipasyon pou sa k nan enterè tout moun ?*
2. *Bay egzanp kèk bagay ki ta kapab fèt pou amelyore sityasyon sila a ...*

⁴ Nou jwenn yon bon definisyon sou sa enterè tout moun nan vle di, nan : Laudato Si (LS), n. 157.

Yon ti istwa pou fini


Yo rakonte, yon pwofesè Jwif (yon rabi) t ap esplike istwa tou Babèl la nan kominote I. Konsa, li t ap rakonte ki jan sa te ye lè yo t ap konstwi tou a. Yo t ap fè gwo jefò, yo t ap fè brik ak labou mele ak zèb sèch. Yo te dwe al chèche yo byen lwen, pote yo vini epi melanje yo. Yo te gen pou mete labou mele ak zèb sèch nan fòm yo, kite yo seche, mete yo nan dife, epi, apre yo te vin frèt yo te kapab sèvi ak yo pou konstwi.

Finalman, poutèt tout travay sa a, brik yo te vin koute yon pakèt lajan. Konsa, lè yo t ap bati tou a, lè yon brik tonbe, sete gwo koze, paske yon pakèt lajan te pèdi. Moun nan ki te lakòz brik la tonbe, te jwenn pinisyon, yo te revoke l epi li pèdi travay li.

Men, lè yon travayè tonbe anba, anyen pa t fèt ... Se konsa sa ye, lè yo mete moun nan sèvis lajan, lè li nan sèvis bondye lajan an.

Nan jan sosyete nou yo mache jodi a, anpil moun pa konte. Sosyete a pa bay yo valè. Li pase diyite yo anba pye. Timoun, granmoun, jèn ki pa kab travay, medam yo ki nan sitiyasyon difisil, esklav, anpil migran, el.

Nan lalwa Moyiz la, nou jwenn plizyè egzamp sou jan lalwa t ap egzije respè pou moun pòv, pou vèv, pou timoun san manman san papa. Li kreye yon fason pou moun ki blije fè dét kapab refè lavi yo (gade lalwa sou Lane sabatik ak Lane jibile. Gade Levitik, tout chapit 25 ak Detewonòm 15, 1-11).



Yon siy espwa jodi a : **mouvman medam yo nan peyi d Ayiti**.

Depi lè diktati Divalye a fini nan lane 1987, medam yo pote espwa pou tout peyi a. Nan mwa mas 1988, yo te fè yon gwo mach nan lari kapital la montre volonte chanjman yo. Mouvman medam yo fò nan tout peyi a. Yo òganize nan plizyè rezo ... gen sa k mennen aktivite ekonomik, gen sa k travay pou fanm gen pi gwo plas nan politik ak nan ekonomi. Menm si anpil bagay dwe fèt toujou, mouvman medam yo montre n anpil bagay kapab chanje.

Medam yo pa mande sèlman pou gen « égalité » ant gason ak fi, kote paegzant yo touche menm salè pou menm travay. Y ap mande tou pou gen « ekite » oswa jistis, ki vle di : pou yo konsidere yo san prejije, ak respè pou diyite yo kòm moun yo ye a. Yo mande pou moun vin sansib pou jan kilti a ak edikasyon an mete fo lide nan tèt sosyete a sou sa yon fanm ye nan relasyon l ak gason.

Konsa, yo mande gwo chanjman nan kilti a ak nan jan edikasyon an fèt jounen jodi a.

**Katriyèm dimanch tan karèm
11 mas 2017**

MEN ESPWA NOU : N AP FINI AK KORIPSYON AK ENPINITE

- 2 Kwonik [Jounal] 36, 14-23 : Siris deklare : Tout moun ki nan pèp sa a ... kite yo tounen lakay yo.
- Efezyen 2, 4-10 : Se nan Jezikri, Li [Bondye] kreye n, pou nou fè bon zèv li pare pou nou.
- Jan 3, 14-21 : Bondye voye Pitit li a sou tè a pou tè a sove pa pouvwa Pitit li a.

Yon dezyèm sijè ki mande anpil atansyon lè n pale sou espwa pou peyi nou an, se kesyon koripsyon ak enpinite a.

Enpinite ak koripsyon an pa sèlman konsènen bon jesyon Leta ak otorite yo, li konsènen chak sitwayen, chak sitwayèn, ak chak moun ki gen lafwa nan Bondye Lavi a.

Koripsyon touye espwa pou peyi a vin pi bon anfavè moun pòv yo ak tout moun k ap viv nan peyi a. Onètete ak transparans se yon siy ki montre Peyi kote Bondye Wa a ap jèmen nan mitan n.

Konprann Pawòl Bondye a

Nan levanjil la, Jezi fè moun yo sonje kote Bondye te montre kè sansib li pou yon pèp ki rebèl : nan dezè a, apre yo te kite peyi Lejip. Ki pwoblèm ki te genyen? Moun yo te grangou, yo te swaf, epi yo plenyen kont Moyiz, sou pwoblèm yo ki plis touche lavi moun chak jou : zafè manje ak dlo.

Nan tan n ap viv la, anpil moun dekouraje ak sa yo wè bò kote yo. Gen mizè ak grangou nan mitan moun yo, gen vyolans, vòl, vyòl, kidnaping ak

asasina k ap fèt ; gen maladi kolera ak lanmò. Peyi a plen koripsyon ak enpinite ; anpil moun refize pran reskonsablite yo, epi yo fè sa yo vle. Nou konsyan feblès nou yo pou n òganize tèt nou kòm pèp. Bondye Lavi a pa voye nou jete pou sa. Li fè n wè konsekans desizyon n yo ki esplike anpil nan malè ki frape n yo, jan sa te fèt ak pèp la nan dezè a.

Istwa sèpan an kwiv sou poto a tounen modèl delivrans Jezi pral pote anwo kwa a. Ak konparezon sa a Jezi asire n : Bondye renmen tè sa a ak chak moun ki sou li. Jezi ap bay prèv kè sansib Bondye a pou nou, lè li mouri anba mechanste, peche, vyolans ak enjistis moun yo. Men, poutèt pwòp fidelite pa l, li tounen yon sous lavi pou nou. Tout moun ki kwè nan li ap jwenn Lavi. Sa vle di : tout moun ki antre nan menm chimen fidelite ak li, ap viv. Nou te mouri, men n ap viv depi kounye a.

Premye moso Labib la fè pase devan je nou tout istwa egzil pèp Bondye a. Li di n pou ki rezon malè egzil la tonbe sou pèp Bondye a. Li pèdi kontak ak rasin li, paske li pa t fidèl ak Bondye ki te libere l epi ki te mennen l nan peyi li. Chèf yo pa t respekte ni tanp la, ni kontra-renmen an, paske yo pa t respekte pòv yo ki nan mitan yo, peyi a plen ak lenjistik. Jodi a, nou ta dwe ajoute : pa gen respè pou anviwonman an ak kreyasyon an ki pou pèmèt nou viv denmen, otorite yo volò byen Leta a, yo refize rann kont ; epi popilasyon an kite mantalite koripsyon sa a pran tèt yo ak pratik yo. Men Bondye va pèmèt pèp la tounen sòti nan esklavaj egzil sa a.

Lè pèp la tounen sòti nan peyi egzil la, yon gwo travay kòmanse pou rebati peyi a. Rebati peyi a vle di yon fason konkè : retounen nan bon rasin li yo epi bati yon sosyete respè anfavè moun ki pòv yo ; rekonstwi kominate lokal yo ; rebati chapant santral yo tankou tanp la ki fè moun yo santi yo se yon sèl pèp. Sa Bondye te fè nan tan pase yo sèvi yon sous espwa pou denmen. Jodi a nou ta di : nou dwe mete tèt ansanm pou lite kont sa k detwi moun ak peyi n, remanbre moral moun yo, rekonstwi Leta a, pwoteje anviwonman kote n ap viv la, epitou travay pou dwa moun respekte, lite kont koripsyon pou se transparans ak reskonsablite k ap triyonfe. Tout moun dwe pran angajman epi mete men pou sa fèt.

Pòl t ap pale n sou kado ak favè Bondye. Jezikri se chimen Lavi a. Li fè n wè ki jan moun ki te lènmi kapab konstwi kominate yo ansanm epi rekonsilye youn ak lòt. Fidelite youn ak lòt, epi lavi selon laverite ak sa k kòrèk, se chimen ki mennen nan Lavi Pak la. Espwa Lavi Pak la dwe parèt nan lavi politik ak nan jan n fè ekonomi antre nou.

Divès tèks Labib sa yo fè n konprann lavi nou kòm moun ak kòm pèp se kado Bondye yo ye. Depi lakreyasyon, nan tout istwa delivrans la Bondye antoure n ak kado l yo. Men tou, espwa n ak konviksyon nou, angajman ak patisipasyon chak moun nesesè pou delivrans Bondye pran pye nan mitan nou. Chak zak delivrans ki reyalize nan mitan n, chak ti viktwa sou dekourajman ak dezespwa, fè n sonje gwo delivrans Jezi te reyalize pou nou nan lanmò ak leve li leve vivan an. Konviksyon sa yo dwe ede n rebati pwòp peyi nou an kòm sitwayen konsekan.

Senbòl pou dimanch la : Ekoloji ak **pwodiksyon lokal**.

Nou mete yon tab devan lotèl la ak tout kalite pwodiksyon lokalite a, san nou pa fè pwoesyon. Nan ofètwa, pè a (prezidan sèvis la) beni yo, etan l ap di : Jezi vin sove tout kreyasyon an, e li mande rekonèt valè chak kominate genyen nan plan Bondye a.



*Pou travay ak jèn yo oswa gwoup yo
Sòti nan koripsyon ak enpinite*

Koripsyon ak enpinite mete yon kominote atè

Anpil pawòl pale sou koripsyon ak enpinite nan tan sa a. Legliz la tou kondane l ak fòs.

Men ki jan Evèk nou yo pale :

« Sitou, nou wè jan yon koripsyon san wont ap enstale nan tout kwen sosyete a. Se vrè : san l pa respekte fwontyè, li konsènen moun, chapant pouvwa publik ak prive yo, ak gwoup moun k ap dirije. Li kreye yon sitiyasyon k ap ankouraje enpinite, yon fason pou ramase richès ki pa kòrèk, mank konfyans nan enstitisyon politik yo, sitou nan administrasyon lajistis ak envèstisman publik ki manke transparans, kote k pa gen egalite pou tout moun epi ki manke efikas (Jan Pòl 2, *Legliz an Amerik*, 1999, n. 62). Koripsyon se yon kansè nou dwe denonse, otorite yo dwe konbat li, ak yon apwi jenere tout sitwayen ki gen yon konsyans moral. » (*Mesaj pou Nwèl 2017*)

Komisyon Jistis ak Lapè di l konsa :

« Kisa koripsyon an ye ? Atik 137 kòd penal ayisen an defini koripsyon an tankou aktivite kèk sitwayen/sitwayèn ki abize fonksyon yo pou akonpli oswa pa akonpli sa ki nan travay yo sou baz òf ou pwomès pou pwofi pèsonèl yo. Pap Franswa nan youn nan mesaj li yo pale sou koripsyon ak enpinite a tankou yon kansè ki kapab detwi tout yon sosyete.

Koripsyon an se yon fenomèn mondal, li varye selon sistèm chak peyi. Koripsyon an pran divès fòm tankou : fè peye yon sèvis publik ki gratis, egzije lajan pou yon sèvis ou pa bay, detounman byen ak materyèl yon enstitisyon pou zafè pèsonèl, pran lajan oswa resevwa favè nan men yon moun pou ba li yon kontra ki gen dwa pa nan enterè enstitisyon w ap travay la oswa peyi a.

Enpinite a limenn se lè yo pa pini yon moun ki pa reponn reskonsablite l genyen. Enpinite a pwoteje ni sa k fèmen je, ni sa k peye lajan pou sa.

Lè nou gade peyi nou Ayiti, nou wè koripsyon ak enpinite a prezan nan tout chapant sosyete a, li rantre nan reyalite lavi nou chak jou. Koripsyon an gen gwo enpak negatif sou ekonomi peyi nou, li afebli pouvwa leta yo, li detounen gany

politik yo, li kreye mefyans kay otorite yo, li kreye yon klima ensekirite, li bloke pwosesis demokratik la, li pase anba pye yon seri prensip etik ak valè moral tankou : egalite, solidarite, ekite, respè, ak lòt ankò. » (*Mesaj Jistis ak Lapè, nan Mesaj Asanble Jeneral la, 2017*)

Pap Franswa rele koripsyon yon gwo lènmi kè sansib la :

« Maleng k ap santi move konsa [ki se koripsyon an] anndan sosyete a se yon peche grav k ap rele fò pou syèl la tande, paske l ap detwi lavi moun ak sosyete a jouk nan rasin li. Koripsyon fè n pa kab gade lavni ak espwa, paske li awogan, li vle tout pou li, l ap detwi pwojè moun fèb yo epi li pouse do moun pòv yo. ... Koripsyon se rete fikse nan peche k ap chèche mete lajan nan plas Bondye, tankou yon fòm pouvwa. » (*MV, Vizaj kè sansib la, n. 19*)⁵

Pou sòti nan koripsyon ak enpinit : reveye konsyans moun

Men kisa Legliz la pwopoze pou moun ak tout yon sosyete kapab sòti nan koripsyon:

1. Dwe genyen yon mouvman, yon revèy konsyans moun. Nou dwe konsidere l tankou yon obligasyon moral pou n travay ladan l. Nou dwe gen kouray pou souke konsyans moun yo, pou rive wè gwo pwoblèm koripsyon an ap mete devan n pi devan, epi pou n sòti nan yon endiferans ki jeneral,

Gen 3 nivo pou mennen aksyon sila a :

- a. Fè edikasyon ;
- b. Rive nan yon lòt mantalite ak kilti : yon konvèsyon kiltirèl nesesè ;
- c. Aprann aji tankou sitwayen reskonsab.

2. Dwe gen lwa ak règleman pou konbat koripsyon an. Men si konsyans lan pa la, lwa yo ap rete san anyen pa fèt.


Se konsa kadinal Turkson ki alatèt Konsèy Pontifikal Jistis ak Lapè a t ap pale.

⁵ MV: *Misericordiae Vultus*, Visaj Kè Sansib la, se konsa dokiman pou anonsé Ane Kè Sansib la, nan lane 2016 te rele. Nimewo a di n ki kote nou jwenn tèks la anndan dokiman an.

An n gade diferan pwovèb sa yo ak sa yo di sou mantalite moun yo nan moman difisil yo :

- Degaje pa peche ...
- Pito nou lèd men nou la ...
- De mèg pa ka fri ...
- Enbesil ki bay, sòt ki pa pran ...

Ki jan nou kapab aji pou chanje mantalite sa yo ?



Yon siy espwa

Batay sosyete sivil la kont koripsyon :

Marcha Verde nan Republik Dominiken, ak leve kanpe an Ayiti. Republik vwazen an, menm jan ak Ayiti, gen pwoblèm koripsyon. Sou inisyativ plizyè òganizasyon nan sosyete sivil la, yo òganize sa yo rele « mach vèt » nan lane 2017, pou netwaye peyi a anba koripsyon. Nan tout vil peyi a, mach yo fèt, san vyolans. Se yon demann sivil, dwe gen transparans nan zafè Leta.

An Ayiti tou konsyans la ap grandi. Organizasyon yo dwe vin pi solid, men gen espwa.

An Ayiti, sitwayen yo pran konsyans enpòtans bidjè peyi a, ak enpòtans li genyen pou lavi yo chak jou.

Moun yo pran konsyans koripsyon mete peyi a atè. Rapò komisyon Sena a sou Petwo Karibe te bay yon gwo bourad.

Anpil pawòl pale nan Legliz yo tou sou maladi sila a. Men koze koripsyon tounen yon kilti ak mantalite ki vale tout moun sou chimen l. Eske sosyete a vle sòti toutbon nan maladi sila a?

**Senkyèm dimanch tan karèm
18 mas 2017**

MEN ESPWA NOU : N AP FINI AK MEFYANS AK LAPEREZ

- Jeremi 31, 31-34 : M a mete lòd mwen yo anndan yo, m a ekri yo nan kè yo.
- Ebre 5, 7-9 : Se nan sa Jezi soufri li aprann sa k rele obeyi.
- Jan 12, 20-39 : Si gress ble a mouri li donnent anpil.

Yon twazyèm sijè ki mande anpil atansyon lè n pale sou espwa n pou denmen, se kesyon pakèt mefyans ak laperèz k ap dominen relasyon moun ak moun nan peyi a. Mefyans ak laperèz nan mitan moun dwe kaba, pou pèp nou an kapab viv nan konfyans, transparans ak verite youn ak lòt.

Pawòl la se yon gwo kado Bondye ba nou. Li pèmèt nou youn kominike ak lòt, epi bati konfyans youn nan lòt. Bondye pale ak nou. Men, èske nou tande epi koute? Eske moun koute youn lòt vrèman? Ki jan nou kapab pale nan dyalòg, si youn pa tande sa lòt la ap di, si youn pa koute lòt, si pa gen konfyans? Eske nou kapab konstwi yon pwojè pou denmen, si pa gen koute, tande ak dyalòg ansanm? Mefyans ak laperèz dwe tounen konfyans nan lòt ak espwa sou lòt.

Konprann fason Labib la pale

Jezi tande kèk etranje mande pou li, paske etranje tou vin koute Pawòl la. Sa fè Jezi konprann « lè a » rive. Menm jan ak pwofèt yo ki konprann sans evènman yo, Jezi sansib pou sa k rive nan sosyete a ak pou sa Bondye vle. Konsa, lè etranje mande pou rankontre ak li, Jezi konprann : « Lè a rive pou tè a jije, » pou Bondye jwenn glwa li, paske tout moun pral tande pawòl la ak pwojè Bondye a.

Pou nou menm tou, lè a rive pou koute epi tandé. Lè a rive pou kreye kominote, pou rasanble moun yo nan laverite paske yo tout se ptit Bondye yo ye, epi ap gen respè pou sa k pi pòv yo. Se sans sa a Jezi bay parabòl gress ble (mayi) a ki donnent anpil fwi. Gress ble k ap donnent an, se gress espwa a Pawòl la lage nan kè n ak nan sosyete a. Pou yon gress semans donnent, li dwe rete anba tè, kòmsi li mouri. Jezi montre n aklè ki jan travay rasanble moun nan yon menm kominote, pa kab fêt si youn pa louvri je l sou lòt. Si youn pa koute lòt ak respè. Se sa mouri a vle di, se li k volonte Bondye nan lavi chak patizan Jezi.

Pwofèt yo sansib pou sa k pase nan sosyete a, pou tout pwoblèm ak kè kontan moun yo ap viv, an menm tan yo sansib pou sa Bondye vle. Lè yo mete de (2) sansiblite sa yo ansanm, yo dekouvrir yon chimen pou mete devan pèp Bondye a. Pwofèt Jeremi te temwen egzil pèp la, epi li kwè Bondye ap ret fidèl ak pèp li a. Konsa, ak fòs Lespri a, li gen kouray pou anonse yon nouvo Kontra ant Bondye ak pèp la : yon kontra ki ekri nan kè yo, nan nannan mantalite yo ak nan konviksyon pwofon moun yo. Kontra Bondye a, se li k pwojè l, se Lavi Bondye bay pèp la, lè moun yo fidèl youn ak lòt ni ak Bondye tou, ak lè gen respè pou tout sa k sòti nan men li. Pwojè Bondye a limen yon sous espwa nan mitan pèp la.

Viv volonte Bondye a, rekonsilye moun nan laverite, se gwo koze. Menm Jezi, nèg Nazarèt la, te blije aprann sa sa vle di obeyi Bondye. Lèt Ebre a 5, 9 di : « li te aprann obeyi nan sa li soufri » (gade dezyèm lekti a). Li pa fasil pou viv rèv ak pwojè Bondye a nan mitan moun ki divize, ki youn pa respekte lòt, kote youn pè lòt, ki panse se enterè pèsònèl ki dwe pase anvan « sa k bon pou tout moun », ki bay lòt bagay plis enpòtans nan lavi a pase pwojè Bondye a ak kominote a. An n mande : Eske se pa li k espryans nou jodi a tou ? Eske se pa li ki sous dezespwa n ap viv la ?

Li nesesè pou Pawòl la antre nan fenfon lavi moun yo ; li dwe antre nan nannan chapant sosyete nou an, nan lavi sosyal, politik ak ekonomik. Nou

dwe koute Pawò la, koute lòt moun, sitou koute sa k sou kote, sa ki pa gen lavwa ochapit. Se nan youn koute lòt espwa yon lòt lavi kapab jèmen.

Senbòl pou dimanch la : **kwa a**.

Pandan seremoni an, n ap mete yon kwa devan nan legliz la. Yon gwo kwa, tousenp, san pa gen imaj oswa dekorasyon sou li.

Kwa a reprezante tout kwa moun ap pote nan lavi a ak tout jefò moun ap fè pou fè rekonsilyasyon ak verite donnen nan sosyete a.

Yon lòt senbòl, se **grenn mayi a**. Nou kapab separe grenn mayi bay tout moun nan legliz la. Se senbòl espwa chanjman yo ki dwe antre anndan kilti yo : yo pran tan, yo tanmen piti. Envite moun yo pou yo plante yo, pou yo wouze yo epi pou yo admire fòs lavi ki pèmèt yo pouse e tounen yon bél plant k ap pote fwi.

*Pou kontinye travay ak jèn yo oswa gwoup yo
Fini ak mefyans ak laperèz*

Mefyans ak laperèz kokobe n

Sosyete a charge anpil divizyon ak enterè ki monte klas sosyal kont klas sosyal. Nenpòt sa k pase kreye kriz konfyans nan mitan moun ak nan mitan klas sosyal yo. Genyen enpinite, moun pè laverite, anpil moun refize pran reskonsabilite, gen koripsyon, men pa gen jistis.

An n chèche egzanp ki klè.

Lè moun ap gade sosyete a, yo fasilman ap chèche sa k koupab pou tout sa k pa mache byen, epitou y ap toujou gade tèt yo kòm sèl viktim. Yo rele sa :

- **Demonizasyon** oswa dyabolizasyon. Yo fè lòt la pase pou demon, pou djab ak tout sa k move. Se lòt la ki lakòz, se li k move moun nan ki antò, ki pa vle pou sa chanje.
- **Viktimizasyon** an, se lè yon moun pran tèt li pou sèl viktim. Li annik pale sou sa li menm sibi, li refize wè ditò li menm tou te konn fè lòt la.

Koute lòt la, pale verite

Nou menm moun, nou gen kapasite pou pale. Pawòl la se yon gwo bagay. Ak pawòl li, yon moun esprime sa ki nan lide 1, santiman 1 ak panse 1. Ak pawòl la moun yo kreye komunikasyon nan mitan yo.

Bon komunikasyon se yon sous konfyans. Men, si pawòl la pa klè, si 1 pa di sa k verite, ki jan ap gen konfyans ak tèt ansanm ? Epitou, si youn pa koute lòt ak anpil atansyon, ki jan y ap konprann sa lòt panse ak sa k gen valè pou li ?

Pawòl la enpòtan, li fè n sanble ak Bondye. Labib la di n: Pawòl Bondye a gen fòs, se Sajès, se ak li Bondye kreye tout bagay. Bondye pale ak pèp li nan lalwa ak nan bouch pwofèt yo. Finalman, lè Pitit Bondye a tounen moun pou anbrase egzistans nou, Levanjil la di: Se Pawòl la ki tounen moun e ki vin abite nan mitan n (gade Jan 1). Nou konn chante 1 : « Pawòl Bondye tounen yon moun vivan. Gade Jezi, n a wè limyè Bondye ... » Epi, Jezi te deklare sou pwòp tèt pa l: « Mwen se laverite, ... mwen se limyè tè a ». Lè Jezi bay moun lapawòl, lè 1 louvri bouch moun bèbè yo, se yon gwo siy Peyi Wa a toupre rive : bèbe yo pale, moun soud yo tandé.

Konsa, nan mitan nou, pa kab gen espwa chanjman, si pa gen pale ansanm ak dyalòg. Se yo k fè respè ak konfyans grandi nan mitan moun. Jounen jodi a, anpil moun swete pou ta gen yon gwo dyalòg nasyonal nan peyi a. Yo rele 1 tou yon : woumble nasyonal, yon gwo chita pale ak tandé, ... Gouvènman an pale sou yon dyalòg anndan diferan sektè yo nan sosyete a ; men tou, dwe gen dyalòg nan mitan sektè ak gwoup sosyal yo.

Pou pale ansanm kapab fèt nan yon dyalòg toutbon, gen kondisyon tout moun dwe respekte. Nou dwe konprann tou sa pawòl la vle di nan kilti pèp Ayisyen an. Dyalòg la pa fasil ... manke yon « kilti dyalòg ».

An n gade byen ti pawòl sa yo : *Wi pa monte mòn,*

Voye monte,

Pawòl anpil fè machwà gonfle, el...

An n poze tèt nou kesyon : Eske n kwè nan dyalòg? Ki jan nou konprann sa dyalòg la ye menm?

Ki jan pou òganize pale ansanm nan, lè n plizyè nan yon sèl kominote?

Pale ansanm dwe pran plizyè fòm:

- Chita pale, chita tandem, konsilte moun, mande konsèy, deside ansanm ...
- Rann kont, eksplike pou kisa se konsa sa fèt, ...
- Delege moun, bay yo reskonsabilite, fè yo konfyans, epi mande yo rann kont ...

Konklizyon


Pawòl la se yon gwo kado Bondye fè n. Nou kapab kominike youn ak lòt. Nou kapab pataje sa k nan kè n, sa n anvi, sa n espere ak ki rèv nou genyen. Konsa nou kreye espwa chanjman nan mitan nou, epitou nou trase wout chanjman an ansanm.

Ak pawòl la nou kapab beni, epi, fè konpliman ak lwanj, men tou, nou kapab pale mal ak bay manti.

Koute, fè dyalòg ... se bagay moun dwe aprann depi l tou piti, nan lekòl ak lakay.

Pou fini, an n koute yon parabòl ki fè wè : tout pale ansanm, dwe fè lapè ak jistis grandi. Li dwe sansib pou sa lòt la bezwen.

Franswa ak lou a nan vil Goubiyo



Nan istwa sa a, lou a – ki yon bêt fewòs – kanpe pou tout moun ki anfas nou, nou pa fè konfyans. Li montre tout sa ki kapab menase lapè nan sosyete a. Nou dwe aprann vin sansib pou moun nan ki devan n, pou sa l bezwen limenm, epi nou pa dwe gade l tankou lènmi nou.

Nan lavi Franswa moun Asiz ki sen, yo rakonte istwa sila a : Nan vil Goubiyo, moun yo t ap viv ak gwo kè sote. Moun yo te pè pou sòti deyò nan lari. Te genyen yon lou nan zòn nan. Yon bêt fewòs ak sanginè ki t ap chèche viktim pou manje yo.

Franswa tande pale sou koze a, epi l di konsa : mwen vle al pale ak lou sa a, m ap di l konsa : « Frè lou, èske ou konnen ki sa ou fè moun yo sibi konsa ? Se nòmal yo rayi ou epi yo vle touye ou. Kanpe sou sa w ap fè a, konsa ou menm tou, ou pa p bezwen pè pou yo ankò. » Lou a tande pawòl la, pou l pa bezwen pè ankò, pou moun pa kouri dèyè l pou touye l ak fizi yo. Lou a fè pwomès la.

Lè sa, Franswa retounen nan vil la, li pale ak popilasyon an. « Frè m ak sè m mwen renmen yo, lou a te fè yon gwo pwomès pou l pa fè mal ankò, si nou pwomèt n ap pote l bay ti manje pou li chak jou. »

Se sa k te fèt. Pa t gen moun ankò ki te gen krentif pou lou a ankò. Lou a menm pa t pè pou moun ankò. Grasa Franswa, ak grasa abitan yo nan vil Goubiyo, ki te dakò pou pataje manje yo ak lou a.



Fanmi yo se yon siy espwa yo ye.

Fanmi se tout kote moun pran swen youn pou lòt, epi, se kote lavi donnen, kote youn montre lòt vrè valè ki fè sosyete a vanse.

Se nan fanmi yo, moun aprann fè moun konfyans. Timoun ak jèn yo aprann fè youn lòt konfyans, pale antre yo.

Konn gen echèk nan fanmi yo ... men nou tout konnen enpòtans fanmi yo genyen. Epi nou konnen fanmi ki vrè siy espwa pou denmen.

Ki jan nou kapab ranfòse angajman Legliz la pou fanmi yo ?

- Legliz dwe kore tout fanmi yo, menm sa k kraze, sa k gen difikilte.
- Dwe gen yon pastoral toutbon ki konsidere diferan sitiyasyon fanmi yo ladan an.
- Legliz la dwe sansib pou tout vyolans fanmi yo ap sibi: manke travay ak opotinite, gen vyòl k ap fêt sou manman ak tifi, jèn timoun rive ansent, ...
- Legliz dwe bay preparasyon pou maryaj tout enpòtans li merite pou fanmi yo tounen selil lafwa, espwa ak renmen nan Jezikri.
- Pastoral la dwe pèmèt papa yo ak manman yo kontinye fòme tèt yo.
- Edikasyon lekòl Legliz yo bay dwe disponib pou tout timoun.

Sizyèm dimanch tan karèm

25 mas 2017

Dimanch Ramo

**AK ESPWA NAN KE N,
N AP AVANSE AK JEZI,**

- Jan 12,12-16 : Yo vin sonje bagay sa yo te ekri pou li.
- Izayi 50, 4-7: Chak maten Pawòl la leve m nan kabann mwen.
- Fil 2, 6-11: Nanpwen anyen ki te kab fè di li pa t moun.
- Mak 14, 1 – 15, 47: *Istwa lanmò Jezi dapre Mak.*

Men gwo kesyon an ki devan n: Eske wout kalvè a se yon chimen espwa, ki louvri Lavi toutbon an pou nou? Ki jan espwa a kapab gide n sou chimen kalvè a?

Pandan tout semenn sent la nou gen je n fikse sou Jezikri. Nou sonje lavi li ak lamò li. Nou fè sa Jezi te mande n fè a: nou sonje l. Fè memwa empòtan. Sitou nou sonje ki jan espwa Peyi Wa a t ap gide l.

Lè n sonje Jezi, li prezan ak nou. Sa l te fè a kontinye fèt nan mitan n. Se sa k lafwa nou, se li k nouri espwa n. Lavi Jezi tounen zouti delivrans frè ak sè yo.

Konprann Pawòl Labib la

Levanjil Mak ki Sen mete devan n soufrans ak lamò Jezi, Sèvitè Yave a. Levanjil sa a se li k pi ansyen pamit (4) levanjil yo. Soufrans ak lamò Jezi pran pi gwo moso nan Levanjil sa a. Fason Jezi te viv, se konsa tou li bay vi l. Nan mirak ak pawòl yo Jezi te louvri espwa pou moun, pou pòv yo. Se konsa tou li bay lavi l nan solidarite ak moun k ap lite pou chanje lavi a. Lè n konprann sa, n ap kite espwa Peyi kote Bondye Wa a gide n nan batay lavi a.

- ✓ Istwa pasyon an kòmanse kote Jezi ki pran defans yon **fanm** ki, daprè patizan yo, ap fè gaspiyay. E li di : « Tout kote yo preche levanjil la, y ap rakonte tou kalite jès dam sa a sòt fè a ».
- ✓ Jezi bay pwòp vi pa l la, lè l envite patizan l yo manje kò l epi bwè san l. Li ba yo randevou pou « kote Bondye Wa a ». Espwa ak asirans Peyi Wa a pral reyalize an plen, se li ki gide Jezi nan chimen lè l bay lavi l nan fidelite ak misyon l.

Devan lamò ak trayizon, Jezi santi Bondye lage l. Eske sa konn rive n tou ?

- ✓ Se levanjil Mak, plis pase lòt yo, ki fè n wè Jezi santi Papa a abandonnen l. Kè sere pran l nan jaden Oliv la, li swe san. Sou kwa a, dènye pawòl li se pawòl Sòm 22 a ki mande : « Bondye, poukisa ou lage m ? » Se pa sèl patizan l yo ki pèdi espwa e ki lage l. Se kòmsi Papa l tou kite l tonbe. Men ki kalite solidarite Jezi genyen ak **tout moun yo mete sou kote yo, epi lavi a ap maltrete**. Wout delivrans Jezi trase pou nou, se pa yon chimen pouvwa, kraze brize ak fòs, men yon chimen kote l fè kò l toupit, kote dezespwa vle pran l.


Devan jij li yo, Jezi fè konnen sa l pa t deklare pandan tout vi l : li se Mesi a (sa vle di : Sila a Bondye voye a), epi li se Wa.

- ✓ Gwo akizasyon chèf yo mete deyò kont Jezi, se kesyon tanp lan : li te di l ap detwi tanp la. Chèf yo montre jan yo gen gwo respè pou kay la. Pou Jezi menm, se **lavi pèp la** ki enpòtan.
- ✓ Devan jij yo k ap kondane l, nou pa kapab mal konprann mesaj la. Jezi pa t vini pou pran pouvwa, pou mete lòt moun sou kote. Se yon lòt kalite lavi nan mitan moun yo li te pote ban nou. Se sa **ofisyè a** nan pye lakwa a dekouvrí : « Nonm sa a te Pitit Bondye, sèten. »

Levanjil Mak sèvi n kòm gid. Eske fason Jezi te bay vi l di n kichòy, nou menm ki patizan Jezikri jodi a nan peyi d Ayiti a ? Ki jan Jezi te wè Bondye Lavi a, ki espwa ki t ap gide l ? Ki konsekans sa genyen pou nou menm k ap viv jodi a ?

Pwofèt Izayi ap gade istwa pèp Bondye a, epi li rive konprann: se pa ak fòs zam, se pa nan riz, ak gwo diskou oswa pwomès, y ap reyalize delivrans lan. Se pa lè moun pran lavi lòt moun pou elimine yo, y ap kapab mete yon lòt sosyete sou pye. Delivrans ak rekonsilyasyon nan laverite sòti nan yon lòt konpòtman, yon lòt mantalite, yon lòt fason pou pran angajman anvè lòt. Mennen yon batay san pa gen vvolans ladan l, se nannan kesyon an. Yon batay konsa pa lachte, paske se li k respekte ata lavi ak diyite lènmi an. Se yon vrè kilti Lavi ki dwe anndan n, epi yon gwo espwa sou Papa a. Izayi wè tout sa reyalize nan yon moun li rele « Sèvitè Yave a ». Li trase pòtrè l nan kat kantik diferan. Nou te li youn nan kantik sa yo nan premye moso Labib nou te tandem a.

Jezikri rekonsilye moun ak Bondye nan chimen Sèvitè Yave a te trase a. Se sa Apòt Pòl, esplike nan lèt li voye bay kominate Filip la. Li fèt tankou yon moun, epi li rabese tèt li. Lafwa ak espwa l nan Papa a pa brinnen. Sa se chimen an Bondye te chwazi pou l rekonsilye ak nou.



Senbòl pou dimanch la :
kwa a

Nan pwosesyon an nou pote branch palmis ak ramo. Tout kalite fèy vèt ap fè n sonje fason pèp la te akeyi Jezi pwofèt la nan vil Jerizalèm. Jezi antre nan vil la sou yon bourik ki se siy lapè li pote. Se pa menm ak monte yon chwal pou fè lagè.

Apre pwosesyon an, n ap dekore kwa nou te plante nan legliz la ak fèy vèt yo.

*Pou kontinye travay ak jèn yo oswa gwoup yo
Konstwi espwa ak moun pòv yo*

Analyze yon chan: Pòv yo fè yon rèv

*Pòv yo fè yon rèv ki enteresan
Bondye rele yo pou y al toupatou
Pou mete jistis, pou mete renmen
Pou mete pataj pou yon lòt sisyete.*

*Se pa pran plas lòt, se pa rayi lòt
Se òganize n pou tout moun vin moun.*

*Se mèt yon sistèm ki pa janm pèmèt
Pou yon sèl ti gwoup pran tè a pou yo*

*Se al konvoke tout bòn volonté
Pou yon bèl pwojè ki bay anvi viv.*

*Se mèt tèt ansanm, mete men nan men
Konsa n a mache nan sèvis Bondye.*

*Se aprann byen viv san n pa mezire
Nan tout sa n ap fè, Bondye ap ladann.*

An n gade:


*Ki rèv moun pòv yo fè ?
Kisa vrè chanjman vle di, selon chan an ?
Kisa Levanjil la vle di lè l di : Jezi fè yon chwa preferans pou pòv yo ?
Ki kalite sisyete ki nouri espwa nou nan Peyi kote Bondye Wa a ?
Kisa sa vle di: konstwi espwa Peyi Wa a nan mitan moun ?
Kisa lavi ak lamò Jezi montre n sou sa ?*

Ane sa a, 2018, Konferans Ayisyen Relijye yo, pè, chè frè ak chè sè (CHR), ap fete 50 lane depi l nan sèvis pèp Bondye a. Nan yon mesaj li te voye bay nan finisman lane 2017 la, li montre sa k fondman espwa pèp Ayisyen an.

« Nou menm ki nan Konferans Ayisyen Relijye yo, pè, chè frè ak chè sè (CHR), nou lanse menm apèl sila a bay pastè yo ki nan Legliz la : yon apèl ak envitasyon pou viv ak espwa. N ap rele byen fò : « Non, se pa vrè, AYITI PA P MOURI, AYITI AP VIV ». Men, ki kote nou pran fòs pou n genyen yon gwo espwa konsa? Sa se rezulta apwi nou pran sou Bondye li menm, epitou, gen yon seri fòs ki mak fabrik pèp nou an :

- Nou renmen lavi ak pasyon. Lakay nou genyen yon kouray ki fè n kenbe dwat menm lè gran malè frape nou. Tramblemen tè nan lane 2010 ak anvan yo, siklòn Matye nan lane 2016 ak sa k te frape n anvan yo, yo frape n ak raj, men yo pa t kraze n. Eske se reziyen nou reziyen nou ? Non. Eske se kenbe nou kenbe espwa ak esperans ? Wi. Pèp nou an ap repepe 1 souvan : *Lespwa fè viv*. Sa se pawòl [ak konviksyon] yon pèp ki yon siy esperans pou tout limanite.
- Nou se yon pèp kè kontan, ki renmen blag, ki anvi ri. Kè kontan yon pèp k ap soufri konsa genyen, fè etranje ak vizitè yo pa konprann. Yo poze tèt yo kesyon : ki sekèrè pèp sa ap sere lakay li ?
- Nou se yon pèp ki kwè nan Bondye. Li sèten, nou dwe pran swen pou lafwa n ak devosyon religije nou yo toujou gen bon kalite. Men, si yo panse lakay nou religyon an fè nou dòmi, se pa vrè. Okontrè, li kenbe n ap veye, epi li pwoteje n pou n pa touye tèt nou, nou tout ansanm. An reyalite, lafwa ayisyen an se an menm tan yon kote nou lapriyè ak kote n ap mennen batay la.
- Nou se yon pèp ki plen atis. Nou pa atis ki chita pase tan yo ap fè rèv. Travay atis la, mizik la, dans nou yo ede ayisyen ak ayisyèn yo esprime soufrans yo, sa k fè yo tris ak sa k bay yo kè kontan, li voye jete byen lwen lamizè ki yon mal, ki pa volonte Bondye. Travay atis ayisyen yo montre yon anvi klè pou gen libète, li se yon rèl pou gen yon minimòm ki nesesè pou viv byen ak kòrèk. Nou envante, nou kreye, nou fè tèt nou travay. Moman an ap vini, lè kapasite n pou kreye ap abouti sou yon peyi ki tou nouvo, ak yon Leta kote yo respekte lalwa, ak yon administrasyon piblik k ap sèvi pèp la. Sa se yon bagay k ap vini, paske pakèt fòs yo k ap mèt ansanm finalman ap gen rezon. Jodi a, chak moun, gason kou fi, yon jan mete tèt yo apa, pou kont kò l, epi yo chèche rezoud pwoblèm pa yo ak pwoblèm pa lòt yo. Denmen, tout fòs sa yo ki gaye kounye a, ap jwenn ansanm pou n kapab gen fòs ansanm. ... ».

##



Jèn yo se espwa pou denmen.

Konbyen fwa nou tandé pawòl sila a ?
Nan mitan jèn yo tou gen anpil dekourajman.
Epoutan, pou granmoun yo, se timoun ak jèn yo ki tout espwa yo. Se yo k fè yo mache.
Kilè jèn yo kapab tounen espwa pou peyi a toutbon ?
Ki jan edikasyon dwe ye, pou ede jèn yo kenbe espwa denmen an ?

An n gade mouvman jèn yo, tankou Kiwo, Eskout, Timoun misyonè, Kwazad Ekaristik, ak anpil lòt ... An n gade ki jan mouvman sa yo kapab grandi kòm siy espwa, etan yo bay jèn yo yon sans reskonsablite.

Ki jan jèn yo kapab siy espwa toutbon pou peyi a denmen?

- Eske se pa lè yo montre yo kwè nan peyi a ak avni l?
- Eske se pa lè talan yo ak kapasite yo antre nan sèvis diyite tout moun ak sa k bon pou tout moun?
- Eske sosyete a tou pa dwe kreye tout kondisyon ki ede jèn yo kenbe espwa nan peyi a denmen ?

Nou deja sonje Jounen Mondyal pou Jèn yo nan lane 2019, k ap fèt nan peyi Panama.

Jezi pa gen men ...

*Jezi pa gen men. Li sèlman gen men pa nou yo
pou konstwi yon Tè kote k gen jistis.*

*Jezi pa gen pye. Li sèlman gen pye pa nou yo
pou fè libète ak renmen vanse.*

*Jezi pa gen bouch. Li sèlman gen bouch pa nou yo
pou fè sou tout fas Tè a konnen*

*yon Bon Nouvèl pou pòv ak malere yo.
Jezi pa gen mwayen nan men l,
Li sèlman gen travay pa nou,
pou fè tout moun vin egalego youn ak lòt.*

*Jezi, se nou k Levanjil ou a jodi a ;
sèl Levanjil moun yo kapab wè ak je yo,
si lavi pa nou yo klè pou tout moun,
si li montre yon seri pawòl ak jès ki bay lavi.*

*Jezi, ban nou fòs moral pa ou la
pou devlope talan nou yo nan pwojè pa w la,
ki yon pwojè jistis ak lapè,
Konsa, n ap kab fè tout bagay kòm sa dwa.*

Edouardo Cáceres Contreras, peyi Chili



Semèn Sent la

Jezi ki te bay lavi 1 ak espwa sou Papa a ki depase limit lamò a, se li k modèl espwa nou sou Bondye Lavi a.

Nan seremoni fèt Pak la, nou pwopoze yon fason pou renouvre pwomès batèm nou ki fè n sonje angajman nou pran kòm manm yon pèp epi sitwayen ak sitwayèn yon peyi.

Renouvre pwomès batèm nou

Anvan nou renouvre pwomès batèm nou, nou kapab reprann kèk lide nou te devlope pandan tan karèm nan. Batèm nan louvri chimen espwa lavi toutbon an nan nou.

N ap fè moun sonje : angajman batèm nan, se chak moun ki dwe pran l, men tou, se tout Legliz la ansanm ki dwe antre nan batay pou peyi ak sisyete a gen lavni ak lavi pou pi devan. Pou sa, nou dwe pran swen diferan relasyon n yo: ak tèt nou, ak lòt yo, ak tout sisyete a, ak lakreyasyon ak Bondye li menm.

Nou te gade sa ki kokobe sisyete nou an epi ki sous dezespwa a : manke respè pou diyite lòt, moun pa chèche sa k bon pou tout moun, genyen koripsyon, enpinite, mefyans ak laperèz.

Nan nwit Pak la nou fete Lavi ki ranpòte laviktwa sou lanmò. Jezi leve vivan : li kontinye maché avè n, li ban n Lespri l. Pwojè Bondye a pa mouri. Lavi se yon reyalite. Se sa k lafwa nou, se li k espwa nou. Gen yon demen pou peyi n ak pou sisyete a, lè n anbrase pwojè Jezi a, epi lè n planifye jistis sosyal la pou lavi fleri pou chak moun.

Nou vle viv angajman batèm nou tankou yon vrè angajman kote n mete vi n nan sèvis espwa lavi toutbon an. Nou vle pran yon angajman pou Lavi frè ak sè nou yo, pou gen Lavni pou peyi n ak pou lakreyasyon Bondye a.

Frè ak sè m yo, nou mouri ansanm ak Jezi nan batèm nan, pou n kapab leve vivan avè l tou pou yon lavi tounèf : yon lavi nan sèvis sa k kòrèk la, nan sèvis Lavi, jistis, renmen ak lapè a. Nou vle travay yon fason sere pou lavni peyi a ak tout sitwayen l yo nan laverite, transparans ak rekonsilyasyon. Nou te lapriyè pou genyen lapè e pou n kapab viv nan lapè. Kounye a, an n renouvre, yon fason piblik, angajman nou anfavè Lavi, yon Demen tounèf ak Lapè ki chita sou tout pwomès ki te fèt nan moman batèm nou.

Fèt Pak la
1 avril 2017

SOUS ESPWA NOU POU AYITI, SE BONDYE LAVI A

- Travay Apot yo 10, 34-43: Yo touye I sou kwa a, Bondye fè I leve vivan.
- Kolòsyen 3, 1-4: Leve ak Kris la, chèche sa ki anwo.
- oswa 1 Korent 5, 6-8: Wete vye ledven mechanste ak malveyans la.
- Jan 20, 1-9: Li wè, ki fè li kwè. Fòk li leve sòti pami mò yo.
- oswa Mak 16, 1-8.

Kote gen espwa, gen lavi pou pi devan. Peyi kote Bondye Wa a preznan nan mitan nou tankou yon pwomès lavi Bondye fè nou. Konsa, lafwa n nouri espwa nou nan pwomès Bondye yo.

Nou te montre nou anbrase pwomès li yo ak espwa, lè n batay kont sa k kokobe sosyete nou an, tankou koripsyon ak neglige afè peyi n, enpinite ak refize pran reskonsabilite.

Konprann Pawòl Labib la

Tout litiji fèt Pak la ap nouri espwa nou ... Li anonse Lavi toutbon k ap triyonfe, Papa a fè Jezi kado a. Jezi leve vivan. Se Lavi ki triyonfe. Fidelite Bondye avè n parèt aklè nan tout fason Jezi t ap viv la. Se esperyans sa a medam yo fè, lè yo rive bò kavo Jezi a. Kavo a vid, paske lanmò pèdi pye.

Apot Pòl di nou : « Chèche sa k anwo a », epi : « Wete vye leven an » ... Nou dwe konprann pawòl la byen. Peyi kote Bondye Wa a, se li k anwo a, epi ak Jezi li déjà nan mitan nou, se lavi tounèf la ki kòmanse lè n ap viv nan renmen ak jistis tankou Jezi. Vye leven an se sa k mete moun dozado,

sa k kreye mefyans nan mitan moun, ak sa k touye espwa nou tankou laperèz, koripsyon, enpinite ak egoyis.

Mesaj la ki sòt nan Liv Travay Apot yo ede n konprann se moun ki kwè nan lavi ki fè Legliz la, se yo ki kapab tounen temwen epi bati yon lavi tounèf pou limanite a.

Nan levanjil la, kèk bagay kapab atire atansyon nou. Se medam yo ki te mache ak Jezi, sa k te kanpe anba lakwa a, se yo ki premye fè eksperyans Jezi leve. Fè esperyans nouvo lavi a ak travay pou lavi triyonfe se pa privilèj pyès moun, men se tout moun ki dwe pran angajman ladan l.

Levanjil selon Jan ki Sen an bay Mari Madlèn, yon fanm Jezi te wete demon nan li [Mak 16, 9], yon plas apa. Se li k wè Granmèt la anvan tout lòt yo. Li rekonèt li nan vwa l ki rele l. Mari Madlèn te fè esperyans, nan pwòp lavi li, sa sa vle di : leve sòti nan lanmò, paske grasa Jezi yon nouvo lavi te louvri pou li. Kounye a, li dekouvri fòs lavi ki nan Jezi ki leve sòt pami mò yo. Li tounen yon patizan misyonè, k al anonse lòt yo : Jezi leve.

Levanjil selon Mak ki Sen mete kèk lòt aksan. Levanjil la di n : wòch ki te sou kavo a te gwo anpil. Se siy pwa lanmò a menm. Divizyon se yon pwa lou k ap toufe lavi kominate yo. (Nou konprann sa byen fasil lè n gade lavi peyi n ki kokobe anba pwa divizyon, laperèz, konfyans ki pa genyen). Anpil bagay nan lavi a ta fè kwè se lanmò k ap triyonfe. Epi, lè medam yo antre nan kavo a, jènnomn nan di yo yon fason tou senp pou y al nan Galile. Yo pa dwe rete kote lanmò te frape yo a, men yo dwe ale kote Jezi t ap preche Bon Nouvel la ak fòs, nan Galile. Epi, Levanjil Mak la fini ak yon pawòl ki etone n : « [Medam] yo sòti pè. Yo pa pale ak pyès moun ». Konbyen fwa nou pa kite laperèz dominen n, olye nou tounen temwen Lavi Bondye a ?

Kwè nan Lavi vle di : mennen yon lavi ki louvri nouvo possiblite ki diferan ak sa k te la anvan an. Apot Pyè di n : nou dwe viv selon sa ki kòrèk. Apot Pòl ankouraje n pou n viv selon sa ki vrè, e pou n chèche sa ki anwo. Nou dwe kite dèyè do n tout sa ki touye lavi pèp nou an, daprè sa n te dekouvri

nan tan karèm sa a. *Verite ak jistis se kle rekonsilyasyon nan mitan n.*
Kote moun viv nan renmen ak jistis, gen espwa lavi k ap jèmen.

An nou poze tèt nou kesyon :

- Eske Jezi, nou kwè ki leve vivan an, genyen kichòy pou di nou, nou menm k ap viv nan peyi d Ayiti, nan yon moman enpòtan istwa nou ?
- Eske n dakò pou n fè tout moun konnen Jezikri pote espwa lavi pou moun k ap lite menm jan ak li pou diyite dènye moun nan peyi a?

Senbòl pou dimanch Pak la : **Limyè ak dlo.**

Jodi a nou pral renouvre pwomès batèm nou. Nou kapab sèvi ak yon pawòl ki fè wè klè ki reskonsablite sosyal nou genyen.

Menm jan ak nan premye dimanch karèm nan, se dlo a ki senbòl Lavi Pak la. Epitou, genyen syèj fèt Pak la ki montre Jezi ki leve nan mitan n. Se li k Limyè a k ap klere n. Ann chèche yon fason pou senbòl sa yo pran tout enpòtans yo.

*Pou kontinye travay ak jèn yo oswa gwoup nan Legliz la
Tout espwa n se nan Bondye li ye*

Tout espwa n se nan Bondye. «**Se Bondye ki pou di yon mo, tèlman sitiyasyon an malouk.**» Konbyen fwa nou pa tande pawòl sa a. Men eskè pawòl la se yon pawòl espwa li ye toutbon? Dubyen èske li montre dezespwa n, ki fè nou mete tout bagay sou do Bondye? Li enpòtan pou n byen makonnen ansanm espwa nou pou peyi nou vin pi bon, ak espwa n nan Lavi toutbon an, n ap fete jou fèt Pak la.

An n mete kèk bagay aklè:

1. Lavi toutbon an, ki se dènye sa n kapab espere a, se li ki Peyi kote Bondye Wa a. Sa se yon kado Bondye li ye. Nou gen espwa jwenn li gras ak lafwa nou nan Jezi, ki, nan mouri li mouri ak leve li leve a, garanti nou pwomès Bondye sa a. Li trase wout Lavi a pou nou.
2. Bondye kreye n pòtrè ak li, li ban nou reskonsablite sou tè sa a, nou se kreyatè ansanm ak Bondye. Poutèt sa, li fè n kado libète, entelijans, kapasite travay; nou kapab òganize, kreye tèt ansanm, fè pwojè epi fè rèv yon peyi ki pi bon toujou, ...
3. Bondye kreye linivè a, tè a ak tout sa k sou li, epi li mete règwèt yo anndan tout sa k egziste. Tout bagay evolye selon pwòp règ Kreyatè a mete anndan l. Konsa, filamezi nou konprann pi byen jan tout bagay fèt, moun kapab devlope lasyans epi òganize lavi li sou tè a pi byen. Nou devlope lasyans nan tout domèn lavi a: syans fizik, ekonomik, sosyal ak politik. Nou menm kapab egzaminen lespri moun ak sikoloji. Nou fè analiz sosyal. Tout sa se lansèyman Legliz la menm.⁶
4. Labib la ede nou konprann jan Bondye kreye tout bagay, paske se konsa «Li te wè sa te byen bon» (Jenèz 1). Nou fè Iwanj pou Li pou jan tout bagay byen fèt, nou devlope konpetans nou yo, lespri ak bon konprann Bondye mete anndan nou. Konsa, «voye tout chay la sou Bondye», kote Bondye menm mete n reskonsab, mennen nan yon mantalite relije ki pa kòrèk, paske li kache yon mantalite majik ladan l. Sa vle di: moun vle sèvi ak Bondye pou pwojè pa l, oubyen pou regle sa limenm ta dwe fè a. Se pa li ki vrè sèvis Bondye a. Pafwa, menm pawòl ki pale nan legliz yo ankouraje yon mantalite konsa, epi yo konn fè anpil moun pa pran reskonsablite yo toutbon pou tè a chanje, paske y ap tann nan men Bondye, sa Kreyatè a te konfyé yo a.
5. Espwa nou genyen pou lavi a vin pi bon, montre nou nan ki direksyon nou dwe mache. Renmen ak jistis nan relasyon nou ak frè n ak sè n yo fondamantal. Bondye se Renmen

⁶ Gade sa ki ekri nan GS, Kè kontan ak Espwa, n. 36. GS se yon dokiman ki sòti nan Konsil Vatikan 2.

ak Lavi. Peyi kote Bondye Wa a, ki se kado Bondye a, se kote k gen « Jistis, kè poze ak kè kontan », selon sa Apot Pòl anseye (gade Wòm 14, 17). Se prensip sa yo nou jwenn nan Ansèyman Sosyal Legliz la, nou pa kapab kite dèyè lè n preche Levanjil la.

An n fè yon pataj :

Kisa n di lè n gade 5 pwen sa yo ? An n chèche konprann yo byen.

Eske nou dakò ak yo ?

Ki kote yo bay difikilte ?

Ki kote yo ede n pi devan?

Lè fini, n ap li ti refleksyon sa a sou espwa yon kretyen, yon teyolojen te ekri:

“Lè n konnen Bondye vivan an, sa ap reveye nan nou menm moun yan swaf ak grangou pou jwenn Lavi. Nou vin ensatisfè ak sa nou ye a, epi swaf ak grangou sa a pouse nou pou chèche yon demen kote pi plis lavi ap antre nan lavi nou deja genyen an.

Moun ki fonde espwa yo sou Jezikri pa kontinye asepte reyalite a jan l ye a. Yo tanmen soufri pou jan l [reyalite n ap viv la] ye a, epi yo di yo pa dakò ak li.

Nou vle viv anpè ak Bondye, sa vle di nou oblige antre nan yon konfli ak mond lan. Paske sa k dwe vini an se tankou yon pikan k ap pike nan lachè tout reyalite n ap viv yo, men ki pokò kòrèk jan l dwe ye a.

Yon espwa konsa fè legliz la tounen yon sous ki kreye yon nouvo elan nan travay pou gen jistis, libète, ak kondisyon kòrèk pou moun viv ladan l. Sa k ede n wè klè, se limyè yon avni [Bondye] pwomèt nou epi ki dwe vini.”


Se yon nèg ki rele Juergen Moltmann ki ekri pawòl sa yo. Li esplike n ki jan lafwa nan Bondye Lavi a pouse n pi devan pou n jwenn Lavi Bondye sa a.

Lafwa nan Bondye Lavi a fè n viv dezakò ak anpil bagay nou wè nan lavi sosyete a ap mennen an e ki make ak peche, tankou : enjistis, baboukèt, koripsyon, enpinite. Se lafwa nou nan Bondye Lavi a menm ki pouse n pi devan e ki fè n travay pou reyalize sa k pi dakò ak pwojè Bondye Lavi a. Lafwa tounen yon fòs espwa pou chanje lavi n ap mennen an. Sosyete nou an dwe yon kote moun kapab viv kòm moun. Yon patizan Jezi voye jete byen Iwen tout sa k pa fèt pou moun, sa k kokobe diyite I kòm pitit adoptif Bondye nan Jezikri.

Se konsa pwofèt yo te viv nan tan lontan ak apot yo ki te pote mesaj Jezikri a. Se konsa nou menm tou n ap viv istwa n ak nan mitan pakèt sitiyasyon peyi a mete devan n.

Eske sosyete sivil la pote espwa jodi a?

- *An n gade Legliz la, legliz yo*
- *Mouvman peyzan yo*
- *Mouvman travayè yo*
- *Oganizasyon dwa moun*
- *Enstitisyon Legliz tankou Karitas ak JILAP, ak anpil lòt ...?*



Kèk siy espwa pou jodi a.

CHR, Konferans Ayisyen Relijye, pè, chè frè ak chè sè, ap fete 50 lane depi 1 egziste nan peyi a. Jounal **Bon Nouvèl** te fete 50 lane nan 2017.

Kiwo d Ayiti genyen 60 lane depi 1 egziste ane sa a. Komisyon **Jistik ak Lapè** egziste depi 50 lane nan Legliz la. Anvan lontan 1 ap fete 50 lane Jistik ak Lapè nan peyi d Ayiti.

Bò 1970, anpil mouvman ak enstitisyon ki toujou la te pran nesans. Lane 1970 rive 1990 sete lane gwo espwa nan peyi d Ayiti.

Ki sa chak nan enstitisyon sa yo nou fete, dwe fè pou yo rete siy espwa ? Pou yo tounen oswa kontinye yon siy espwa nan mitan nou ?
Ki konsèy nou kab bay yo ?

Pou fini chimen karèm nan

Nou kapab medite ansanm ak Pap Franswa nan EG, Kè kontan Levanjil la, n. 275, 276, 278 ak 279

[...] Gen moun ki pa kwè nan misyon an, paske yo panse anyen pa kapab chanje, li pa itil anyen pou fè jefò. ... Sa se yon atitud kote yon moun ap detwi tèt li, paske yon moun pa kapab viv san espwa: lavi a li ta pèdi tout sans li, yon bagay yon moun pa kapab sipote ankò. Si n kwè anyen pa kapab chanje, nou dwe sonje Jezikri ki ranpòte laviktw sou peche ak lamò, e ki plen puisans. Jezikri ap viv vrèman. Si se pa konsa, si Kris la pa leve vivan pami mò yo, mesaj nou vid (1 Korent 5, 14). ... Kris la ki leve epi ki nan laglwa li, se li k yon sous pwofon pou espwa nou, li pa p manke ede n pou reyalize misyon li te konfye nou an.

[...] Leve Jezi leve a, se pa yon bagay ki te pase nan tan lontan, men se yon fòs lavi ki penetre tè n ap viv la. Kote tout bagay sanble mouri, toupatou gen jèm nouvo lavi a ki parèt. Sa se yon fòs ki pa gen parèy li. Se vrè, gen moman ou ta di pa gen Bondye, paske nou konstate : enjistik, mechanste, endiferans ak gwo vyolans pa vin pi piti. Epoutan, li sèten, menm kote ki gen fènwa, toujou gen yon nouvo bagay ki koumanse jèmen, k ap bay fwi yon lè. [...] Valè yo toujou vle retounen sou diferan fòm ki nouvo. An reyalite, anpil fwa yon moun vin tounouvo nan yon sitiyasyon kote nou ta di pa gen chanjman posib.

[...] Lafwa vle di nou grandi anndan li [Jezikri], nou kwè li renmen nou toutbon, nou kwè li vivan, epi li kapab aji yon fason nou pa konprann, li pa kite nou sèl, ak puisans li epi ak kreyative ki san limit li, li fè sa k byen parèt kote k gen mal. Nou kwè li mache nan istwa nou epi li ranpòte laviktw ansanm ak moun pa li yo, sa li rele yo, sa li chwazi yo, fidèl li yo (Apokalips 17, 14). Nou kwè nan Levanjil la ki fè n konnen Reny Bondye a deja nan mitan nou, epi l ap devlope plizyè kote, plizyè fason differan : tankou yon ti semans ki kapab grandi jis li tounen yon gwo pyebwa (Matye 13, 31-32), tankou yon leven ki fè yon gwo pat leve (Matye 13, 33), tankou yon bon semans k ap grandi nan mitan move zèb yo (Matye 13, 24-30) ... Leve Kris la leve a ap pwodui toupatou jèm tè nouvo sa a, epi, menm si yo koupe yo, y ap pouse toujou ... Nou pa dwe rete sou kote wout espwa ki vivan sa a.

[...] Yon moun konnen lavi li ap donnen fwi, menm si li pa kapab pretann li konnen depi davans ki jan, ki kote ak ki lè. Li konnen sèten anyen nan sa li te fè ak renmen ap pèdi, okenn preyokipasyon sensè pou lòt moun, okenn jès renmen pou Bondye, okenn fatig li te pran ak jenewozite, ni okenn pasyans ki te fè l soufri. Tout bagay sa yo ap anvayi tè a, tankou yon fòs lavi. [...] ##

Kèk chante sou espwa a

Lè n chwazi chan pou montre espwa nou pandan tan karèm nan, n ap pote atansyon ak mesaj chak chan pote a. Anpil chan montre espwa sou kado Bondye yo : se li ki sove, li bay lavi, sipò ak prezans nan moman difisil. Gen chan yo mare espwa a ak konfyans, imilate, pasyans. Men tou, espwa se angajman, pèseverans ak konfyans nan misyon Bondye konfyé nou an, kouray pou konstwi peyi ak sosyete nou an. Espwa se yon fòs ak detèminasyon pou swiv Jezi nan renmen ak jistis. Kèk chan sèvi ak mo « esperans » pou pale sou espwa sou Lavi toutbon an.

Pèp la travèse, dlo lanmè a dèyè l / Sab la cho anba pye l, paradi a byen lwen l.

1. Swaf ap touye l, li mande dlo pou bwè / Dlo a anmè, li kòmanse babye
Kote tè sa a, Granmèt la pwomèt la?
2. Grangou fè l mal, li mande pou l manje / Manje a fad, li kòmanse babye
Kote zonyon, nou te jwenn Lejip la ?
3. Fatig febli l, li mande repoze / Repo a kout, li kòmanse babye
Kote tonbo, nou kite Lejip la ?
4. Wout la pa klè, li mande pou gide l / Gid la pran tan l, li kòmanse babye
Kote Moyiz, nou pa konn sa l tounen.
5. Tè a tou pre l, li mande pou l teste l / Tès la fè l pè, li kòmanse babye
Kote chèf la, k ap batay pou nou an.
6. Li enstale, li mande pou l gen wa / Wa a fè l abi, li kòmanse babye
Kôt Emanyèl, Granmèt la pwomèt la?
7. Tan yo fin bout, pwomès la akonpli / Men gen dèyè, se limenm n ap ret tann
Paradi a, se nan nwa n ap viv li.

Redi redi, lavi a pa fasil, zanmi / Pa pè, pa pè, gran frè w la.

1. Pran pasyans, zanmi pa dekoraje. Pran pasyans paske moun k ap kouri bouke
Tande frè, moun k ap mache, rive kannenm. Frè mize, men pote bon komisyon.
2. Se pa sa w ye ki konte zanmi. Men se sa w kapab ye denmen ki bon.
Fè efò Bondye la pou ban ou konkou. Pran pasyans, zanmi, pa dekoraje.
3. Zanmi se pa ou sèl ki nan wout la. Yon so pa so, pa mouri, leve kanpe.
Mete gason sou ou, mache rele Bondye. Pran pasyans zanmi, pa dekoraje.
4. Menm si wout la plen pik'an, move pa. Reprann wout la, zanmi pa okipe sa.
Gason pa rete, touse pye w, mache. Pran pasyans, zanmi, pa dekoraje.

Granmèt la : se li ki sèl espwa mwen / Nan li sèl mwen mete tout konfyans mwen,

Se li k ap vini pou l delivre mwen / Pou l sove m anba tout sa ki mal.

1. Se sou Granmèt mwen mete tout espwa mwen / Kè kontan m, tèt chaje m, tout sou kont li
Mwen sèten li p ap janm fè mwen wont / Daprè jan l toujou devve pou mwen.
2. Pawòl Granmèt l, se li k ap dirije mwen / Se sou li m ap regle tout lavi mwen
Lajounen kou lannwit m ap sonje / M ap sonje tou sa li fè pou mwen.
3. Se pou mwen viv pou m di jan Bondye Bon / M ap mache rakonte tout bélte l yo
Mwen vle fè konpliman pou Bondye / Kounye a pou tout tan. Amèn.

Met tèt nou ansanm, mezanmi. Kenbe pa lage mezanmi.

Konsa n a rive, mezanmi, lakay Papa nou, mezanmi

1. N ap debat ak espwa, n ap chèche delivrans, frè m yo.
N ap mache nan fènwa, men m sèten yon jou limyè a va klere.
2. Se depi kounye a, mwen di nou pou n mét tèt ansanm, frè m yo.
Youn dwe ba lòt bourad sou wout la ; frè ap ede frè nan traka.
3. N ap travay ak espwa, n a lite san rete frè m yo.
Lavi a di se vre, men m konnen yon jou va rive: n a kontan.

Toulejou n ap travay, n ap konbat ak espwa / Se konsa n a rive jis lakay Papa nou.

1. N ap mache nan fènwa, kè n senyen, kè n sere
N ap trimen, n ap soufri, n ap chèche delivrans.
Men sèten gen limyè pou vye nèg d Ayiti
Gen limyè sou mòn nan, limyè delivrans nan.
2. N ap mache men nan men, n ap ret tèt nou ansanm
Pou n wè si n a rive jis lakay Papa nou.
Yo di nou : yon sèl dwét pa manje kakalou,
Youn ap bay lòt kouray, youn ap bay lòt espwa.

Espwa nou sou ou Grammèt. Nou sèten n ap gen kontantman

1. Ala ou bon Grammèt, pou moun ki sen / Pou moun ki gen kè yo tout aklè
Poutan m te prêt pou glise tonbe / Lè mwen wè chans mechan yo genyen.
2. Apa se enjistis ki rapòte / Sanble se mal ki fè moun vin rich
Mwen, m ap trimen, m ap travay onét / Mwen respekte sa ki pa pou mwen.
3. Jezi te pòv, li te devwe pou pòv / Memm lavi li l bay pou sove yo
Pou yo kapab konnen met ansanm / Fè fòs ansanm detui enjistis.

Kote k gen lafwa gen lesperans, si gen lesperans gen lanmou,

Kote k gen lanmou genyen lapè / Lapè sou tout tè a.

Pou tan fèt Pak la:

Kote n aprale, kisa n ap chèche / kouman n ap mache tou dekouraje o
Kè nou mal pou kwè, nou mal pou konprann / tou sa pwofèt yo te anonse.

Pou kisa n ap plede gade nan syèl la / kòmsi Bondye se nan nyaj li rete o
Men poukisa n ap chèche Bondye nan nyaj yo / li toupre nou, l ap lonje men ban ou.

*Fèt Manman Mari nan tan karèm
24 mas 2018 (y ap fete l jou ki 9 avril 2018)
Zanj Gabriyèl vin anonse Mari
Jezi Sovè a pral fèt*

*Nan Ane jibile 75 lane yo konsakre peyi a
nan men Mari ki toujou ban nou Sekou*



« Nou gade Mari pou rekonèt nan li pòtrè toutbon sa yon patizan misyonè [Jezikri] dwe ye. Li ankouraje n pou fè sa Jezi di n pou n fè, pou l kapab gaye lavi l nan Amerik Latin ak Karayib la. » (Aparecida, n. 364)

*Mesaje Gabriyèl resevwa misyon sot kot Bondye
pou l ale nan yon vil Galile yo rele Nazarèt,
kote yon jèn fi vyèj ki te fiyanse avèk yon mesye yo rele Jozèf,
nan ras David ;
non fi vyèj la se te Mari. Lik 1, 26-27*

Ane sa a fè 75 lane depi yo konsakre peyi d Ayiti nan men Mari, Manman Jezi, ki toujou pote Sekou.

Ti koze n ap fè kounye a, se pou ede tout moun, kit li katolik, kit li pwotestan, kit li pa gen lòt reliyon konprann pawòl sa a pi byen.

Lè n di nou konsakre tèt nou ak yon kòz, oswa yon moun, sa vle di : kòz la oswa moun nan enpòtan pou nou, li vin gen gwo enfliyans sou lavi n, li oryante priyorte nou yo, si se yon moun nou pran l pou modèl nou. Lè n konsakre fammi nou oswa peyi nou bay Bondye, nou vle di : tèlman nou rekonèt nan lafwa Bondye enpòtan, anyen pa kab fèt andeyò li menm.

Mari te enpòtan nan lavi Jezikri. Se li menm Bondye te chwazi pou l manman Jezi. Si n renmen ptit la, nou renmen manman l. Mari te rekonèt enpòtans Jezi genyen pou limenm ak pou pèp Bondye te chwazi a. Konsa, li asepte pou l te manman yon Sovè, li te montre Jezi bèle prensip reliyon Moyiz la, li kanpe ak li depi l fèt, l al an egzil ak li, li kanpe ak li depi l tanmen preche, jouk nan pye lakwa, ak lè Legliz la fèt jou Lespri Sen an desann.

Legliz depi nan kòmansman an toujou te bay Mari konsiderasyon. Nou kwè Mari pataje kè kontan toutbon Jezi ki leve a. Epi lè n gade sou li, nou konprann li pa enpòsib ak lagras Bondye, pou nou menm tou swiv Jezi Sovè a chak jou pi byen nan lavi nou. Se konsa anpil kretyen nan diferan legliz yo konprann gwo plas Mari nan vi yo.

Si n konsakre lavi n nan men Mari, se yon fason nou montre lafwa n nan Jezikri Sovè nou an. Nou kwè Mari patisipe nan travay delivrans la, li pataje nan viktwa l sou lamò a, epi nou kapab konte sou lapriyè l pou nou menm tou kapab vin pi fidèl nan swiv n ap swiv Jezikri sèl Sovè tout moun.

JH

Priyè pou fè Lwanj pou Bondye

*(Se pa tout kote yo fè lamès. Kote se lofis n ap fè, chak dimanch,
nou kapab sèvi ak priyè sa yo ki fè n sonje lavi, lanmò ak leve Jezi Kri.
Nou kapab sèvi ak moso nan priyè a tou pou kòmanse reyinyon nou yo.)*

N ap di ou mèsi, Bondye Gran Mèt, ou menm ki fidèl e ki gen bon kè.

Mèsi pou Jezi, Ptit ou, Gran Mèt nou e frè ou te ban nou an.

Li te viv ak moun pòv yo ak malad yo ak timoun yo,
ak moun ki t ap viv nan peche,
pou jan li te tèlman renmen yo.

Lavi tout moun te di li kichòy.

Nan lavi li ak nan pawòl li, li montre nou
ou se yon Bondye ki okipe tout moun,
tankou yon Papa, tankou yon manman, k ap okipe pitit li.

Se pou sa, n ap fè lwanj ak konpliman pou ou,
n ap di jan ou bon, jan ou fidèl.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Nou di ou mèsi, Papa ki sen toutbon
ou toujou avèk nou lè n ap mache sou chemen jistis ak lavi a.

Ou avèk nou toujou
lè Legliz ou a reyini pou sonje lavi Ptit ou a Jezi.

Nan renmen li renmen tout moun,
Jezi pa t asepte okenn kalite manti, enjistis, ipokrizi.

Li te anonse yon chanjman ki pou fèt.
Li te mete tout konfyans li nan ou menm, Bondye ki Papa li.

Li rele tout malere yo pou yo vin jwenn ou.
Se pou sa, sa k te gen pouvwa yo rayi l, epi yo touye l.

Men lanmò a pa t gen dènye mo nan lavi Jezi:
Ou fè l leve vivan pami mò yo.

Konsa, lanmò li sou lakwa a pote anpil fwi,
epi l ap pote anpil fwi toujou,
paske sou lakwa a gen yon nouvo pèp ki fèt, k ap chante lwanj ou.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Grammèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Grammèt pou jan ou bon,
tanpri, fè Lespri Sen an rasanble nou tout
ansanm ak Pap Franswa,
ansanm ak Evèk nou yo (*bay non yo ...*)
ansanm ak tout moun ki pran chaj pèp ou a.
Louvri je nou pou n ka wè tout moun ki nan ka.
Fè n jwenn nan tout lokazyon sa yo yon pawòl k ap soulaje tout moun sa yo,
espesyalman lè nou fas a fas ak moun ki depafini anba gwo pwoblèm.
Ban n fòs ak kouraj pou n konnen sa n ap fè
pou n leve frè ak sè nou yo k ap drive anba lamizè ak kraze zo.
Fè Legliz la louvri pòt kay li
pou l sèvi verite ak libète temwen, san gade dèyè.
Konsa Jistis ak Lapè va simaye
pou tout moun sou tè a ka reprann espwa.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Grammèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Bondye Papa, chè Papa nou, fè tout moun ki batize yo
tounen patizan Jezi Kri toutbon vre.
Bondye Papa, nou mete devan w
tout moun ki sèvi Jistis ak Lapè temwen.
Nou mete gwo foul moun
ki viktim lenjistik toupatou sou latè a devan ou.
Lè n ap fini pelerinaj n ap fè anwo tè beni sa a,
louvri bra w byen laj pou resevwa nou nan Peyi kote Jezi Kri Wa a.
Lè sa a, n a gen espwa jwenn tout kalite benediksyon,
nan tèt ansanm pou tout tan.
N ap kontinye fè konpliman pou ou
nan Jezi Kri Sovè nou an ak Grammèt nou an.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Grammèt o,
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

<i>Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou. Grammèt o,</i>	
Men ki sa n ap jwenn nan dokiman sa a	<i>Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.</i>
Yon ti mo pou louvri pòt Karèm 2018 la	3
<i>Senkyèm dimanch tan Karèm 2018</i>	
Premye dimanch tan Karèm, 18 fevriye 2018	
Fondman Espwa nou, se nan Bondye Jezikri a li ye	4
<i>Senkyèm dimanch tan Karèm 2018</i>	
Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè	9
<i>Dezyèm dimanch tan Karèm, 25 fevriye 2018</i>	
Mennen batay nou ak Espwa	10
<i>Twazyèm dimanch tan Karèm, 4 mas 2018</i>	
Men Espwa nou: tout Ayisyen ap rive respekte pou Diyite Moun	17
<i>Katriyèm dimanch tan Karèm 2014, 11 mas 2018</i>	
Men Espwa nou: n ap fini ak koripsyon ak enpinite	23
<i>Senkyèm dimanch tan Karèm 2014, 18 mas 2018</i>	
Men Espwa nou : n ap fini ak mefyans ak laperèz	29
<i>Sizyèm dimanch tan Karèm 2014, Dimanch Ramo, 25 mas 2018</i>	
Ak Espwa nan kè nou, n ap avanse ak Jezi	34
<i>Semèn Sent : Seremoni pou chanje kè nou</i>	
Semèn Sent : Seremoni pou chanje kè nou	40
<i>Dimanch Fèt Pak 2014, 1 avril 2018</i>	
Sous Espwa nou pou Ayiti se Bondye Lavi a	42
Chante Espwa nou	50
<i>Fèt Manman Mari, 9 avril 2018</i>	
Priye pou fè Lwanj pou Bondye	52
<i>Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou. Grammèt o,</i>	
Justice et Paix Haïti	
Jistis ak Lapè Ayiti	

